ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ПЛАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№196 (22.604) • 2013 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 9, бэрэжьей • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр соми 3-щ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Іуэхугъуэ куэд къыззщІаубыдэ

«Эльбрус» эксперт клубым я ятІонэрэ щэбэт кІуам Іуащхьэмахуэ льапэ щыІэ «Эльбрус социум» хьэщІэщым щекІуэкІащ. «Кавказ. XXI лІэщыгъуэм къыгъэувэр» стІол хьурейм кьрихьэлІащ КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщым и кьалэнхэр зыгъэзэщІэ Къуэшрокьуэ Залым, хьыбарегъащІэ ІэнатІэхэмкІэ, жыдагъуэ, дин зэгухьанымрэзыгъэкІэ и министр Къумахуэ Мухьадин, экономикэ зыужьыныгъэхэмкІэ и министр Мусуков Алий сымэ.

ЗЭЩІЩЭР кьыззІуихащ клубым и унафэщІ, Урысей Федерацэм и коммунист партым КъБР-м щиІэ и къудамэм и ятІонэрэ секретарь **Пащты Борис**.

- Эксперт советым и ятІонэрэ зэхьыхьэр кьызэІудохри, абы Іуэхуфіхэр кьрикІуэну ся гуапэщ. Нобэ республикэм и щІэкІэ дыпсэльэнущ, дызытепсэльыхьынри Іуэхугъуэ нэхъ гугъу дыдэхэрщ. Ди Іуэху зыгетым дыкІэльыплъыжьынущи, дызэчэнджэщурэ хэкІыпІэхэр кьэтІылъхьэнущ.

Къызэдгъэпэща клубым щхьэхуэныгъэхэр иІэщ. Мыбы хэтхэм ди гупсысэхэр, Іуэху еплъыкІэхэр дымыгъэпщкІуу утыку кьитхьэнущ. Клубыр зэрылэжьэну щыкІэхэр, абы папщІэ къэдгъэсэбэпыну Іэмалхэр дубзыхун хуейщ, Кавказым зыужьыныгъэ игъуэтыныкмкІэ зэран кьыхуэхьу Іуэхутъхэуэхэр льэныкьуэ едгъэзын папщІэ, ахэр нэсу кьэтхутъапхъэщ. Дытепсэльыхьынщ Кавказым и Іуэху зэІуамыбзэхэм, экономикэм игъуэт зэхьуэкІыныгъэхэм, политикэ Іуэху еплъыкІэхэм.

Къызэхуэсахэм фІэхьус псальэкІэ захуигъэзащ хьыбарегъащІэ политикэмкІэ КъБР-м и жылагъуэ чэнджэщакІуэ, клубым и унафэщІым и къудзэ **Егоров Александр**.

- КъБР-м и экономикэ унэтІыныгъэ нэхъыщхьэхэр кьыхэдгъэщхьэхэукІын папщІэ, 2030 гъэ пщІондэ дызытетыну Іэмалхэр дубзыхуащ. Ар 2007 гъэм кьэтщтауэ щытащ. Властым, цІыхубэм, хьэрычэт Іуэхум я кьару псори зэщІэдгъэуІуэу, республикэм и экономикэр тІэтын хуейщ.

КъБР-м и щхьэхуэныгъэхэм ящыщщ ар узынщагъэмкІэ, щІыуэпс хьугъуэфІыгъуэхэр щІыхь пыІуэ кьэгъэсэбэпынымкІэ кьежьапІэу зэрыщытыр. Республикэм и экономикэм мыхьэнэ льагэ щиІэщ мэкъумэщ хуэІуэхуэщІэхэм. Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІэр зыІэт Іуэхугъуэщ туризмэри. Абы пыщІэныгъэ ин хуиІэщ иджыдей экономикэм. Туризмэм и мыхьэнэр фІыуэ зыхэзыщІэ республикэм Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щыналъэм и турист кластерым и проект иубзыхуащ. 2010 гъэм, жэпуэгъуэм и 14-м УФ-м и Правительствэм КИФЩІ-м, Краснодар крайм, Адыгэ Республикэм турист ІэнатІэхэр щыухэзнымкІэ унафэ кьищтащ. Проект нэхъ щхьэпэхэм ящыщщ «5642 льагагъ» бгы-лыжэ турист кластерыр. КъБР-м и экономикэр нэхъ щыІупщІщ муниципальнэ районищым. Эльбрус муниципальнэ куейм хьыхьэ Іуащхьэмахуэ льапэ кІыхьэщІеубыдэ гектар 26000-рэ. Абы махуэм щыхуу 25000-рэ щохьэщІэр. «Джылэсу» бгы комплексым гектар 16000-рэ кьызэщІеубыдэ. Абы махуэм щыхуу 10000 екІуалІэ мэхъу. Шэрэдж, Шэджэм куейхэм я щІыпІэхэм гектар 6000-м щІигъу я инагъщ, махуэм зыгъэпсэхуакІуэу 10000 щыхьэщІэфыну.

(КІэухыр 2-нэ нап.).

● ЗэІущІэхэр

Жэпуэгъуэм и 4-м Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ Кьанокъуэ Арсен Москва щыхуэзащ «Урысейм и мэкъумэщ банк» акционер зэгухьэныгъэ зэІухам и правленэм и тхьэмадэ Патрушев Дмитрий. Ахэр зэрызэпсэльам ипкъ иткІэ КъБР-м и Правительствэмрэ банкымрэ я лЫкІуэхэм Іэ щІадзащ лъныкъуитІыр зэрызэдгъэлэжьэнум теухуа зэгурыІуэныгъэм.

ЗЭІУЩІЭМ ныуэкІуэ щыхэпльащ пасэу кьызыпыкІэ жыг хадэхэр хэсэным трагъэкІуэдэн папщІэ кредитхэр тыным. «Дэ зэпкърыхауэ дытепсэльыхьащ мэкъумэщ хозяйствэм зегъэужьыным текІуэдну ахъшэр кьызэгъэпэщыным. Дэ жыг хадэхэр гъэкІыныбмкІэ куэд зэфІэдгъэкІащ. Дяпэ илъэси 7-кІэ дызытелэжьэну Іуэхуэхэр нэхъ иныжщ. КъызэрыслытэмкІэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым зегъэужьыныбмкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ агропромышленнэ кластер зэтетхуэва хьэл папщІэ а зэгурыІуэныгъэр икъуэкІэ сэбэп хъунущ. ДяпэкІэ дэ псынщІэу зыдужьынущ», - ажрИащ зэІущІэм нужьКІэ журналистхэм Кьанокъуэ Арсен.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі э.

● КъБР-м и Парламентым и Президиумым

Къэбэрдей-Балъкъэрми Лэжьыгъэм и ЛІыхъужьхэр иІэнущ

Республикэм законхэр кьыдэзыгъэкІ орган нэхъыщхьэм и президиумым и зи чэзу зэІущІэр иригъэкІуэкІащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщІ Чеченов Ануар.

ПСОМ ЯПЭУ депутатхэр тепсэльыхьащ Парламентым и зи чэзу зэІущІэр зэхуэгъэсыным. Ар жэпуэгъуэм и 17-м ирагъэкІуэкІыну зэгурыІуащ.

АдэкІэ зэІущІэм щыхэпльащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал дамыгъэхэм ятеухуауэ» КъБР-м и Законымрэ Административнэ кьуанщагъэхэмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и кодексымрэ зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ» республикэ законым и проектым. Ахэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ Кьанокъуэ Арсен и жэрдэмкІэ зэгъэхьэзыращ. ЗэхъуэкІыныгъэхэр зытеуухуар КъБР-м и къэрал дамыгъэр - «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЛэжьыгъэмкІэ и ЛІыхъужь» щІэр гъэувыныпмрэ абы и мыхьэнэр убзыхунымрэщ.

Законопроектым ипкъ иткІэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЛэжьыгъэмкІэ и ЛІыхъужь» щІэр фІащынущ къэрал, жылагъуэ, хозяйствэ лэжьыгъэшхуэ езыхьэкІэхэм, промышленностым, мэкъумэш хозяйствэм, транспортым, ухуэныгъэм, щІэныгъэм, щэнхабзэм, егъэджэныгъэм, узынщагъэр хъумэным, нэгъуэщІ ІэнатІэхэмэ зегъэужьыныбмкІэ ехъулІэныгъэ инхэр къэзыхьахэм. Апхуэдэу жиІащ Законодательствэмрэ къэрал уху-кІэмкІэ комитетым хэт Кебеков Владимир, законопроектыр утыку кьыщІрилъхьэм. Апхуэдэу абы къигъэлъэгъуащ мы дамыгъэр зрата цІыхум зэрызэрихьэм, кьызэригъэсэбэпыным папщІэ ихь жэуапхэм теухуа зэхъуэкІыныгъэхэр Административнэ кьуанщагъэхэмкІэ КъБР-м и кодексым зэрыхалъхьэр.

ЩІыпІэ унафэр зегъэкІуэнымрэ щІыналъэхэм социально-экономикэ зыужьныгъэмрэ я ІуэхуэхэмкІэ комитетым и унафэщІ Берд Хьэрэталий кьыхилъхьэри, президиумым и зэІущІэм щытепсэльыхьащ КъБР-м и прокурорым кьыбгъэдэкІ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм муниципальнэ къупкьэр зэрыщахьэкІым теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и законым зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ» законопроектым.

«ХьэрычэтыщІэхэм я хуитыныгъэхэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щы-кэмкІэ, мылькумрэ хьэрычэт Іуэхумкіэ комитетым и унафэщІ Мэремыкьуэ Сэфарбий жиІащ Уполномоченнэм и лэжьыгъэ хэзыльхьэхэр административнэ жэуапым ешэлІэныкмкІэ мардэхэр Административнэ кьуанщагъэхэмкІэ КъБР-м и кодексым зэрыхалъхьэр. Апхуэдэу абы къигъэлъэгъуащ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж щыІэм ехьэлІауи.

КъыкІэлъыкІуэ документыр - «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал мылькур уней щыным и Іуэхукіэ» КъБР-м и Законымрэ «Хьэрычэт Іуэху мыинымрэ курытымрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зыщегъэужьыным и Іуэхукіэ» КъБР-м и Законымрэ зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным, «Хьэрычэт Іуэху мыинымрэ курытымрэ я субъектхэм бэджэнду я Іыгъ ямыгъэІэятІэхэу щытыр къащІэхуэхьынымкІэ я Іэхуитыныгъэхэр щыдагъэкІкІэ бэджэнду я Іыгъ унэхэр нэхъыбэ дыдэу зэрыхьэн хуейм абыхэм я уасэхэр щытыну пІалъэхэмрэ я ятеухуауэ» КъБР-м и Законым кьару имыІэжу къэлыятэным я Іуэхукіэ» законопроектыр зэхалъхьащ федеральнэ зэхалъхьащ федеральнэ закон зыбжанэ кьыхэзащтам кьыхэкІыну. Республикэ законым и проектым кьыщыгъэлъэгъуащ федеральнэ законодательствэм щабзыхуэ мардэхэр «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал мылькур уней щыным и Іуэхукіэ», «Хьэрычэт Іуэху мыинымрэ курытымрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зыщегъэужьыным и Іуэхукіэ» республикэ законхэм хэлъхьэн зэрыхуейр.

(КІэухыр 2-нэ нап.).

Унэхэр ягъэплъу щІадзащ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и муниципальнэ район псоми псэупІэ унэхэр жэпуэгъуэм и 7-м щегъэжьауэ щагъэпль.

АБы теухуа унафэ КъБР-м и Правительствэм жэпуэгъуэм и 4-м кьыдигъэкІащ. КъБР-м энергетикэмкІэ, псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмрэ тариф политикэмкІэ и министр Кучменов Тlэхьир КъБР-м и Правительствэм и зэІущІэм нэхъапэІуэкІэ щыжиІауэ щытащ республикэр бжьыхьэ-щІымахуэ пъэхьэнэм кьэзыхуэхьэзырыр.

Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым и субъектхэм ящыщу бжьыхьэ-щІымахуэ лъэхьэнэм зэрыхуэхьэзырымкІэ паспортыр УФ-м Щыналъэ зыужьныгъэмкІэ и министерствэм япэу езыгъэхьар Къэбэрдей-Балъкъэрыр щІ. Республикэм лэжьыгъэшхуэ зэрыщыкІуэкІам и щыхьэтщ япэ махуэм кьрифыбыдэу псэупІэ унэхэм я процент 90-м щІигъу ягъэплъу зэрызыхуежьар. Налшык кьалэр хъапщтэмэ, фэтэр куэд хъууэ абы дэт унэ 1070-м щыщу 982-м хуабэ яІэрыхьащ. Псом япэу ар зыльэІэсар сабий садхэрщ, школхэрщ, сымаджэщхэрщ.

Унэхэр гъэплъын зэрыщІадзэ щыкІэм и нэІэ тригъэтщ КъБР-м Энергетикэмкіэ, псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ, тариф политикэмкІэ министерствэм. Унэхэр и зэманым гъэпльын зэрыщІамыдзам е Іуэхум хэль ныкьуса ныгъэхэм теухуауэ абы фыпсалъэ хъунущ 42-60-47 телефонымкІэ.

КъБР-м Энергетикэмкіэ, псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмрэ тариф политикэмкІэ и министерствэм я пресс-Іуэхущ Іапі э.



Пшэч мыхъуну кьальтэ

УФ-м Нэгъуэщі кьэрал Іуэхухэмкіэ и министерствэм зэхетхэкі Урысейм и посольствэу Нидерландхэм щыІэм и чэнджэщэгъуэ-лЫкІуэ Бородин Дмитрий зэрыубзыжьащ теухуа Іуэхур.

Урысей кьулыкъущІэм и сабийхэм (абы зы кьэрэ зыпхьэрэ иІэщ) пхьащІэу яхущыт хуэдэу хъыбар яІэрыхьауэ щхьэусыгъуэ ящІри, тхьэмахуэ махуэ кІуам абы и унэм щІэзэрыгъащ дзэ фащэкІэ хуэпа, ЩэщкІэ зэщІэуэдэ гуп. Ар яубэрэжьащ икІи Іэпхльэпх ящІри, полицэм ящащ. ТІэкІу дэкІри Бородин Дмитрий кьаутІыпщыжащ.

Урысей дипломатым хьэкІэкхъуэкІагъэ кІыхьэрыкІэлыкІэрахьащ, щыІэ дунейпсо хабзэхэр кьыхэзыпэпаудар пшэч зэрымыхьунум теухуа тхыгъэ УФ-м и МИД-м Нидерландхэм яхуигъэхьащ. Абы кьыщыгъэлъэгъуащ а щІэпхъаджагъэр зылэжьахэр жэуап ткІийм ирашэлІэну, ягъэнуда дипломатымрэ абы и унаГъуэмрэ я дежьыщхьежьыну зэрыхуагъэувыр.

Иджы лымрэ бдзэжьеймрэ

Литвам кьраш гъэпэжкІэм я фІагъым арэзы кьыхэзримыцІыр икІи ахэр кьыІахьынымрэ кьызэтрагъэувыЖи зэрыхуейр блыщхьэм жиІащ УФ-м и кьэрал санитар дохутыр нэхъыщхьэ Онищенкэ Геннадий.

Иджы Онищенкэ къэпщытэныгъэ ткІийм щІэхъуэхэр хуейуэ кьелыытэ а кьэралым кьраш лымрэ бдзэжьеймрэ. Таможнэ Іуэхущ Іапі эхэм а ерыскьыпхъэ лІэужьыгъуэхэм щахуэсакьыну унафэ я Іэщ, ауэ ахэр кьыздраш кьэралым и зыхуэфащэ кьулыкъущІэхэм жаІэ абы теухуа тхыгъэ гурэ Урысей Федерацэм икІуэ зэкІэ я Іэрымыхьауэ.

Егъэджакіуэ-хъунщІакіуэхэр

Я улахуэхэр зэрымащІэмкІэ зэрымыарэзыр къагъэльагъуэу, абы кьыщІэкІымкІэ исэупчъей зэрыхъуам къэрал кьулыкъущІэхэм иджыри зэ гулърагъэзи мурад я Іэу егъэджакІуэ мишищым ныызэрыхьэс кьыдыхьащ Бразилием и кьалэ нэхъ инхэм ящыщ Риоде-Жанейрэ и уэрамхэм.

ЕгъэджакІуэхэм пэкІур мамыру кьыщІадзащ, я гукъеуэхэр абы щыжаІащ. Апхуэдэу екІуэкІыуэ, пшапэ зэхэзэгъуэ хьуа нэужь, пэкІум хэтхэм ящыщхэр зэрыгъэкІийуэ хуежьащ, зэрызэкъэ хъущ. Зыгуэрхэм кьызыкъуахащ къэлынд ткІуаткІуэ зэрыт птулькІэхэр, ахэр полицейхэм ирауГъыщащ. Хабзэхъумэхэм, зыкъэзыІэтахэр ягъэсабырыжьын щхьэкІэ, нэпс къыщІэзыху газ къагъэсэбэпын хуей хъуэщ

Сан-Паулу кьалэм щекІуэкІа пэкІум хэтахэр нэхъ гущІэгъэт - абыхэми полицэм зрапщытащ. АбыкІи кьызэтеувыІакъым: ахъщэ хъумапІэ зыбжанэ яхъунщІащ.



♦Пощтым и дунейпсо махуэщ. 1874 гъэм Берн (Швейцарие) Дунейпсо пощт зэгухьэныгъэр къыщызэрагъэпэща махуэм теухуэу ягъэлъапІэ.

♦Австрие Республикэм и федеральнэ президент **Фишер Хайнц** и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу.

♦Актрисэ, КъБР-м щІыхь зиІэ и журналист, республикэм и Къэрал саугъэтым и лауреат **Мысостыпкъу Маринэ** кьыщалъхуа махуэщ.

♦Азербайджаным президент хэхъыныгъэхэр щокІуэкІ.

♦Урысей кином и тхьэмахуэ жэпуэгъуэм и 9 - 13-хэм Нью-Йорк щекІуэкІынущ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты кмкІэ, Налшык уэфІу щыщІытынущ. Хуабэр махуэм градус 13 - 15, жэщым градуси 6 - 8 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар КЪЖЕКЭМЫХЬУ Мариэтэ.

Лъэпкъ Іуэщыгъэ:

Унэнум я хьэ удз ехъури, унэхъунум я нысэ мэдыгъуэ.

ЩІэщыгъуэ икІи удэзыхьэх

«Кавказ джэгухэр-2013» фестивалыр жэпуэгъуэм и 7-м Псыхуабэ (Пятигорск) щекІуэкІащ.

● Кавказ джэгухэр-2013

Хлопонин Александр и псалъэ. *Сурэтыр* **КАЮДИН Евгений** *трихащ.*

ІУЭХУГЪУЭ щхьэпэм и ятІонэрэ зэхуэсыр Къэрэшей-Щэрджэсым адыгэхэр нэхъыбэу щыпсэу Хьэбзэ куейм 2010 гъэм щекІуэкІауэ щытащ. КъыкІэлъыкІуэ илъэсым «Кавказ джэгухэр» Черкесск щагъэльэгъуащ. Ещанэрей зэхуэсыр нэгъабэ здыщекІуэкІам псори дыщыгъуазэщ: ар ди республикэм и кьалащхьэ Налшык.

Гу лыыбзэдгъэтэну дыхуейт, зи гугъу тщІы фестивалыр кьызэрырахьэжьэ зэман куэд дэмыкІами, абы и льэр быдэу зэрыуам. Щэч хэмылъу, Кавказ Ищхьэрэм ис льэпкъхэм я зэхуакъ дэль щэнхабзэ-спорт зэпыщІэныгъэхэм зэрызаужьым ар и нэщэнэщ.

Фестивалым хэтын мурад зиІэу, Псыхуабэ дэт стадионыщхьэм кьеІуэлІа хьэщІэхэмрэ бысымхэмрэ пщэдджыжьым жьаурэ зыкъэужьащ. Ставрополь крайм мыпхуэдэ зэхуэсыщхуэ япэу зэрыщекІуэкІыр кьэпльытэмэ, абы и лэжьыгъэр мамыру, зэпІэзэрыпу кьызэзэпэщыным хуэунэтІауэ бысымхэм яІэжьар мащІэкъым. Хабзэхъумэ Іэнатіэм Іутхэм ирагъэувэжІа щІэзыпщытыкІ дэкІыпІэхэр кьызэщІэнжьа яужь, дэ япэу гу зылъыттахэм ящыщщ стадион ихьапІэм и бгъэунтІымкІи ирагъэувэжІа уху-ныгъэ тельыджэхэр. Ахэр Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щІыналъэм хиубыдэ хэгъэуэгуэхэм иц ыхуэхэм щэнхабзэ и щыІэкІэ-псэукІэр кьыщагъэльагъуэ утыкуэхэр. Дэ, дауи, псом зэу зыльыттар абыхэм уардэу кьахэбжьыфІыкІ Къэбэрдей-Балъкъэрым и пщІантІэращ. Абы дэ дыщыдыхьар иужькІэщ, сыту жыІэмэ, ятІонэрэ щыкІэ кьыттэщыльт зэхьэзэхуэм и щІэдзэгъуэмрэ гуфІэгъуэ зэхьэхьэмрэ зэрыгъэкІам льэщ кьыщагъэльагъуэ утыкуэхэм. Дэ, даи, ди ныбжьыкІэхэр щыІэщ. Ахэр кьызэдэкІыфмэ, ипэкІэ дыкІуэтэнущ. Ди клубым зэхуэщэсащ Кавказым и щІэныгъэлІ нэхъыфІхэр. ЗэгурыІуэу зэдетхъэжьа лэжьыгъэм хьер кьыпыкІыну согугъэ. ГъэщІэгъуэнщ, экспертхэм я Іуэху еплъыкІэм ущІэдэІуну, сыту жыпІэмэ, щІэныгъэ гупсысэкІэ узэдэгугъэшэнщ, узэхьуэжьнщ щхьэпэщ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым турист кластерхэм зэрызыщагъэдзэ щыкІэм и нэІэ тригъэтщ КъБР-м Энергетикэмкіэ, псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ, тариф политикэмкІэ министерствэм. Унэхэр и зэманым гъэпльын зэрыщІамыдзам е Іуэхум хэль ныкьуса ныгъэхэм теухуауэ абы фыпсалъэ хъунущ 42-60-47 телефонымкІэ.

КъБР-м Энергетикэмкіэ, псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмрэ тариф политикэмкІэ и министерствэм я пресс-Іуэхущ Іапі э.

хьэхуэкІыу макьамэ укьуэдия льэщ кьыщІадзащ. АбыкІэ стадионым исхэм кьыдигъуэгъэуащ махуэщхуэм ирашІэжа гуфІэгъуэ теплъэгъуэхэм зэрыщІидзэр. Хужьрэ плъыжькІэ зэщІхъупсікІауэ, нэщхьыфІагъэр я нэгу кьишу, утыкум кьихъса сабийхэр дгъэщІэгъуэну дыкъуэсатэхьам, абы ирикъкІэ ныбжьыщІэ нэхъыбэхэм стадионым кьыщихутам. КьудыкІейуэ кьэунэхуащ щхьэхэплъыкІэ фащэхэр зэщІэпыщІэжу кьызыщылыдыкІ пщащэхэмрэ щаузэхэмрэ. Абыхэм яхэтт псысэ тельыджэм кьыхэкІа псэущхьэ теплъэкІэ хуэпаэри.

Махуэр уфауэ, щыІэбжьу щытами, зэхьыхьэшхуэм кьеІуэлІа псомэ я нэфІэгуфІагъэм кІуэ пэтми нэхъ зэрызэгуэмым гу льытэтэрт. Зыр адрейм яужь иту стадионым кьихьащ Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щІыналъэм хиубыдэ хэгъэуэгуэм щыІэхэт кьэфакІуэхэрэ щэнхабзэкІэ ансамблхэр: япэ щыкІэ Ставрополь крайм узэрэщымрэ кьафэмкІэ и кьэзакъ ансамблыр, абы кІэлъыкІуэу Ингушым кьикІаэхэр, ещанэу дэнэ щыпІи куэд щІауэ якъащІыкъ «Кабардинка» ансамбль щІэрыІуэр. Псом я лейуэ, дыдейхэм яІэзэщІа кьафэ тепльэгъуэр удэзыхьэхт, уи гур хэзыгъахьуэт. Ди артистхэм апхуэдизкІэ уардэу утыкум зыщагъаІэзэти, «ярэби, ди мылъэпкъэгъуэхэм абы гу льамытэ пІэрэ?!» яхужьІэрт.

(КІэухыр 3-нэ нап.).

Іэ щытрадзэ махуипщІ

● Пощт

2013 гъэм жэпуэгъуэм и 8-м щегъэжьауэ 18-р къэсыху республикэм и пощт Іуэхущ Іапі э псоми газетхэмрэ журналхэмрэ Іэ щытрадзэ урысейпсо махуипщІ щрагъэкІуэкІ.

А Іуэхум хэту дэтхэнэми хуэфІэкІынущ газетхэмрэ журналхэмрэ Іэ хутрадзэкІэрэ сабий унэхэм, жьыкІэфэкІэхэр щапІ унэхэм, ветеранхэм я унэхэм, апхуэдэу псэунымэм пыща нэгъуэщІ Іуэхущ Іапі эхэм я библиотекэхэм ядэІэпыкъуну.

* * *

2014 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм газетхэмрэ журналхэмрэ кърагъэхьын папщІэ Іэ щытрадзэ къэралым и пощт Іуэхущ Іапі э псоми. Цыхуэхэр хуитщ «Урысейм и пощт», «Роспечать», «Урысейм и пресс» каталогхэм кьыщыгъэльэгъуа кьыдэкІыгъуэ мин 13-м щІигъум ящыщ дэтхэнэми Іэ традзэну.

Хабзэу зэрыуващ, Урысейм и пощтым процент 20 яхудеих Хэку зауэшхуэм хэтахэм, япэ, етІуанэ гупхэм хьыхь ныкьуэдыкьуэхэм. Апхуэдэу пщІэншэу Іэ яхутредзэ кьыдэкІыгъуэ щхьэхэзэрэ зыхьэкІуэ нэфхэм е тэмэму зымыльагъуэм.

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

Іуэхугъуэ куэд къызэщІаубыдэ

(КІэухыр. ПэщІыдэхэр 1-нэ нап.)

Филологие щІэныгъэхэм я доктор, профессор, Санкт-Петербург къэрал университетым коммуникацэ технологиехэмкІэ и кафедрэм и унафэщІ **Кривоносов Алексей** тепсэлъыхьащ XXI лІэщІыгъуэм зыужьныгъэ згъэуцужыгъэ сэбэп хьу Іуэхугъуэхэм.

- ЩІыналъэм и пщІэр яубзыку социально-психологие щытыкІэм, щэнхабзэм, жылагъуэ Іуэхугъэм. Абы и щытыкІэр зыхуэдэр къагъэльагъуэ щыпсэу щыхугъэм, экспортым, туризмэм, политикэм, щэнхабзэм, инвестицэм, иммиграцэм. ЩІыналъэм и пщІэр къагъэщІ Парламентым и депутатхэм, экспертхэм я зэгухьэныгъэхэм, хьыбарегъащІэ Іэнатіхэм я лэжьакІуэхэм, нэгъуэщІхэми, - кІыхьигъэщащ абы.

Психологие щІэныгъэхэм я кандидат, Санкт-Петербург къэрал университетым политикэ психологиемкІэ и кафедрэм и егъэджакІуэ **Бычков Петр** политикэ Іуэхугъэм психологие и лъэныкъуэкІэ тепсэлъыхьащ. ПашІэхэм я щыфэлІыфэхэр щыхэпкІырихьм, абы кІыхьигъэщащ Кавказым и политикхэр щІэныгъэлІ Іэзэхэу зэрэщытыр.

- Сыт психологие и лъэныкъуэкІэ абыхэм я тепльэр къыщІэдгъэльагъуэр? Псом ягъэразу, Іуэху ящефІыкІыжьыну тынкъу щытын папщІэ. Щыхум и хьэл-щэнхэм ущыщыгъуаз эм деж ахэр зыхужкІыну гупсысэм нэхъ ухуэхьэзырщ, - жиІащ абы.

- Зыужьныгъэ дгъуэтын папщІэ абы дыхуэзыпшэну гъуэгуэр губзыхун хуейщ. Ди мурад нэхъыщхьэр Кавказым и цІыр, и пщІэр тІэтыну, фынкІэ дгъэІуну аращ. Псом хуэмыдэу, а гупсысэр ябгъэдэлъхьэн хуейщ ди щІалэгъуалэм, - жиІащ политикэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор, Кавказым ягъ нгъэщІлъхьэ и кьэхутэныгъэхэмкІэ щІэныгъэ-къэхутакІуэ институтым и унафэщІ, Псыхуабэ (Пятигорск) Бзэ щІэныгъэхэмкІэ къэрал университетым и унафэщІ **Панин Викто**р.

- Ущіэ зэхуэмыдэхэм ехьэлІауэ, экспертхэм я епльыкІэр щыхэтмкІэ кьоуху. Кьыкіэльыкіуэну зэхуэсыгъуэхэми Іуэху гугъу куэд щызэпкърытхынущ, - кІыпищащ адэжь**Пащты Борис**, - Кавказыр гъуэгущхьиблыр щызэхэкІым щыту кьысщоуху. ЕплъыкІэ убзыхуа гуэрым тетхьым - мэгупсысэ. А Іуэхугъуэхэм щхьэхэ-щхьэхуэрэ дакъыштеувыІэн папщІэ мазищ къэс эз дыдэ-хуэзэну сфІэигъэщ.

ЕтІуанэ махуэм клубым хэтхэр Къэбэрдей-Балькъэрым и Іэтащхьэ **Кьанокьуэ Арсен** ІуэщІащ.

- Сыт хуэдэ Кавказым нобэ и щытыкІэр, цІыхуэхэм я псэукІэр, экономикэм и зыужьыкІэр? Абыхэм ятеухуауэ кьыдэпсэльылІэнущ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Іэтащхьэр. Щхьэж фызыгъэгуэавэ упщІэхэр утыку кьыифыльэнуи Іэмал фемыІащ, - жиІащ Пащты Борис.

Клубым хэтхэм упщІэ зэхуэмыдэхэмкІэ зыхуагъэзащ КЬБР-м и Іэтащхьэм, псалъэмакъым Іуэхугъуэ зэмылІужьыгъуэхэр кьыдэщІрагъэубыдащ.

Сочэ щекІуэкІыну Олимп Джэгухэм теухуауэ Кьанокьуэ Арсен и Іуэху еплъыкІэм щІэупщІащ «Кавказ» ЦСКП-м и унафэщІ **Осинников Андрей**.

- Олимпиадэм теухуауэ республикэм и щыхуэхэм еплъыкІэ зэхуэмыдэ щалэ щыІэщ. ЩІалэгъуалэм яхэтщ ар зыфІэмыкъаблыхэр, тегъэщІапІэ ящІри тхыдэхэм и Іуэхугъуэ. Ауэ, Олимпиадэр политикэ Іуэху дымыщІмэ, нэхъыфІщ. Пэжщ, льэпкъым тхыдэ гъуэгуанэ гугъу кьыкІуащ, ар зыщыдгъэгъупщэркъым. Ауэ, Олимп Джэгухэм абы зэран хилъхьэркъым - сэбэпынагъ зыпльпль Іуэхугъуэщ. Дыхуейщ ар пщІэ ящІыкІуэнущ, Урысейм и щыхьыр иІэтыну.

ЗэІущІэм кьрихьэлІахэр щІэупщІащ республикэм и экономикэм и зыужьыкІэм, инвестицэм, хьэрычэт Іуэхухэм, щыхуэхэм я псэукІэм.

- Проект хьарзынэхэр диІэщ. Псалъэм папщІэ, пхъащхьэмыщхьэ къэгъэкІыным теухуар. Ди щІналъэм и щыуэпсыр абыкІэ фІыщ. Абы гу льатащ Италием и щІэныгъэлІхэми. Республикэм иІэщ сыт и лъэныкъуэкІи щыпІэхэр хуэмэ щІыналъэм и Іуэхугъэ. Щыуэпсым и дахагъэм зыгъэпсэхуакІуэхэр куэду кьрешалІэ. ИджыкІэ къэралым гульытэ лей хуищІын хуейщ зыкъычэт Іуэхум. Компание инхэм дадэлэжьэнри сфІэтэжмэщ.

Республикэм сабийуэ кьыщалъхум хохьэ. АбыкІэ сэбэп хьууэ кьызолытэ аанэм и мылькур. Абы кьыхэжкІи а программэм адэкІи кьыпытщэмэ нэхъыфІщ. Нэхъ дызыгъэгъэвэр черкъесыгъэм и Іуэхугъуэ. Абы хуабжьу набдзэгубдзаплъэ дыкІэпльыплъын хуейщ, - жиІащ Іэтащхьэм.

Егоров Александр кьиІэтащ республикэм и щыхуэхэр нэгъуэщІ щІыпІэхэм куэду зэрыІэпхъуэм и Іуэхур.

- Къэбэрдей-Балькъэрым щопсэу къэзакъэ щыхуэ 20000-м нэблагъэ, - жиІащ Кьанокьуэ Арсен. - Демографие и лъэныкъуэкІэ ди Іуэхур хьарзынэщ - Урысейм епщІанэ уви Іэр щыхьыгъщ. ЩІыналъэм щопсэу урыс лъэпкъым щыщу щыхуэ 200000 хуэдизэ. Нэхъыбзуу ахэр зыдэсыр Прохладнэ, Майскуейкэрщ, Налшык кьалэщ. ЩІалэгъуалэ куэд, еджэнырь кьаухэ нэужь, ахъшэ кьалэжьыкІи папщІэ Москва, Санкт-Петербург кьалэхэм макІуэ. Абыхэм я Іуэху еплъыкІэри лъытэн, пщІэ хуэщІын хуейщ. Кьалэжьыуэхэм зыгъэзэжж щІалэгъуалэр, ди республикэм щыгъэкІуэ лэжьапщІэ мащІэмкІэ тхуэІыгъыныр кьыщІэкІынукъым.

- КЬБР-м и къэкІуэнур дауэ зэрыпльагъур? - еупщІащ Іэтащхьэм Бычков Петр.

- Кавказыр хьэщІэр щагъэльапІэ щІыналъэщ. Ди лэжьыгъэ псори щэнхабзэм кьыпкърыкІыжу кьыщоуху. НобэкІэ гъащІэм сыкуэзарэзыщ, си щІналъэм сэбэп сыхуэхьуну Іэмал кьызэрыэитамкІэ. Мыбы щыпсэу дэтхэнэ цІыхуэри си бын пэльытэщи, фы хуэдэмэ, си гуапэщ, - жиІащ Кьанокьуэ Арсен.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

Къэбэрдей-Балькъэрми Лэжьыгъэм и ЛІыхъужьхэр иІэнущ

(КІэухыр. ПэщІыдэхэр 1-нэ нап.).

«2013 гъэм, 2014, 2015 гъэхэм я лъэхъэнэм Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и республикэ бюджетым теухуауэ» Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Законым зэхъуэкІынигъэхэр хэлъхьэным и ІуэхукІэ» КЬБР-м и законым и проектэр депутатхэм я пащхьэ кьрихьащ «ПэжыІапІэ Іэнатіэхэм ягъэуцужыгъэ зэхуэсхьуэжам, пщІэкІэ ялэжь Іэхутхъэбзэхэм кьапэкІуэну ахъшэр, ямыпшынымжыну федеральнэ бюджетым кІыІутІыпщыну ахъшэр зыхуэдизу щытынур кьызэрапщытэжам кьыхэкІыну.

Экологиемрэ щІыуэпсыр къэгъэсэбэпыныжкІэ комитетым и унафэщІ Несутулов Виктор депутатхэм я пащхьэ кьрипхьащ «ПэжыІапІэ Іэнатіэхэмрэ унагъуэхэмрэ я кІэрыхуЖьэрыхуэхэм я Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Законым и 2-нэ статьям зэхъуэкІыныгъэ хэлъхьэным теухуауэ» республикэ законхэм я проектхэр. Абыхэм ялкъ иткІэ республикэм и хабзэ мардэхэр федеральнэ законодательствэм къыгъэувэкІ ирагъэззэгъэ.

ЗэІущІэм алхуэдэу щыхэпльащ УФ-м и нэгъуэщІ субъектхэм я парламентархэм кьыхалъхьа жэрдэм зэмылІэужьыгъуэхэм. Абыхэм ящыщІу ЩІэшэн Республикэм и Парламентым Сириеи щыІэ щытыкІэр залымыгъэ хэмылъу зэтегъэувэжыныкІэ къэралым и унафэщІхэм ирагъэкІуэкІ лжьыбгъэ зэрыщыІэм Урысей Федерацэм и субъектхэм законхэр кьыдэзыгъэкІ я органхэм зэрызыхуагъаззэр. А тхыгъэр КЬБР-м и Парламентым и президиумым хэтхэм унафэ зыбжанэ кьащтащ зи Іэнатіэм екъуІэныгъэ инхэр кьыщызыхьа лэжьакІуэхэм Парламентым и Щыхь тхылъыр етыным теухуауэ. Апхуэдэу КЬБР-м законхэр кьыдэзыгъэкІ и органым а и наградэ нэхъыщхьэр егъэджэныгъэм зегъэужьыныкІэ зэфІэкІ зиІэхэм папщІэ хуагъэфащащ Кабалоевэ Еленэ Василий и пхъум - Лэскэн муниципальнэ районым щыщ «Уэздыж кьуажэм и курыт еджапІэ» муниципальнэ кІэзонэ Іуэхуіщ Іапіэм и унафэщІым Іэсэнэ Карпенкэ Светланэ Владимир и пхъум - «Май кьалэм и гимназие №1» муниципальнэ Іуэхущ Іапіэм и унафэщІым щІыпІэ унафэр зэрызэрагъаелІуэр егъэфІэкІуэным куэд зэрыхущІыхьам папщІэ - Парафилов Дмитрий Валерий и кьуэм - Прохладнэ кьалэ окъругым щІыпІэ унафэр зегъэкІуэныкІэ и советым и тхьэмадэм и кьуэдзэм; цІыхуэхэм я хуитынигъэхэмрэ щхьэхуитынигъэхэмрэ кьызэгъэпэщыным и лъэныкъуэкІэ куэд зэрилъэкьым папщІэ - Бжьыней Маринэ Иван и пхъум - Налшык нотариальнэ округым и нотариусыр.

Абыхэм къадэкІуэу КЬБР-м и Парламентым и ЩІыхь тхылъыр Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм законхэр кьыдэзыгъэкІ и орган нэхъыщхьэр илъэс 75-рэ зэрыри-кьуэм екьэлІауэ хуагъэфащащ КЬБР-м и Парламентым и депутатхэу Говоров Сергей Анатолий и кьуэм - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым Аграрнэ политикэмрэ щІы Іуэхухэмкіэ и комитетым и унафэщІым и Іуэхуэдэм, Кьумахо Заур Мухьэмэд и кьуэм - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым Экономикэ политикэмкІэ, мылькумрэ хьэрычэт Іуэхухэмкіэ и комитетым хэтым, ЛІыхъугу Хьэжмурид Хьэсэнэй и кьуэм - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым Аграрнэ политикэмрэ щІы Іуэхухэмкіэ и комитетым и унафэщІым, Щоджэн Николай Забит и кьуэм - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым Лэжьыгъэмкіэ, социальнэ политикэмрэ Ізынщагъэр хьэмэныжкІэ и комитетым и унафэщІым и къуэдзэм. Апхуэдэу КЬБР-м законхэр кьыдэзыгъэкІ и орган нэхъыщхьэр илъэс 75-рэ щрикъум ирихьлІэу зэхэхэгъэ гъэхьэзэныныжкІэ лэжьыгъэшхэу зэрыэфІэкІыным папщІэ Щыхь тхылъыр ираташ КЬБР-м и Парламентым и Аппаратым и лэжьакІуэхэу Кьуныжь Заур Къазбэч и пхъум, Дыкъанэ Маринэ Алий и пхъум, Кьардэн Марие Хьэмидхэн и пхъум, Помазанова Рите Виктор и пхъум, Созаруков Елдар Магомет и кьуэм, Тембот Тимур Мэхьэмэд и кьуэм, Ченов Абдулыкь Борис и кьуэм, Жучмаева Бэлла Идрис и пхъум.

БАТЫР Любэ,
КЬБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ Іапіэм и унафэщІ.

● Комиссэхэм

ХъупІэхэр щІапщытыкІ

КЬБР-м и Правительствэм и Унэм щекІуэкІащ Къущхьэхъу хъупІэхэм хиубыдэ щІыналъэхэр щІэщыгъыкІыным рэ абыхэм я гъэнапкъэхэр убзыхуакІэ результатыжу комиссиэм и зэІущІэ. Абы кьрихьэлІащ муниципальнэ щІыналъэхэмрэ республикэм и къуажэхэмрэ я Іэтащхьэхэр.

КЬБР-м и Правительствэм и УнафэщІым и кьалэнэхэр зыгъэзащІэ Марьяш Иринэ кьыщыпсалъэм кьигъэльэгъуащ щІыналъэхэм я унафэщІхэм кьабгъэдэкІ упщІэ куэд комиссэм кьызэрыІэрыхьэр, абы кьыхэкІыу хъупІэхэм я гъэнапкъэхэр тэмэму убзыхуэ зэрыхуейр. Абы кьыхигъэщхьэхуКІащ КЬБР-м и Іэтащхьэ Кьанокьуэ Арсен мы Іуэхум и кІэ зэрыгригъэтыр икІи гъэнапкъэхэр зэрауБзыку щІыкІэр республикэм щыпсэухэм я нэхъыбапІэм я Іуэху еплъыкІэм тещІыхьыж хуейуэ кьызэрилъытэр.

КЬБР-м кьэрал мылькумрэ щІы Іуэхухэмкіэ и министрым и кьалэнэхэр зыгъэзащІэ Тоиконог Анне кьызэхуэсахэм гу лъарилъэтащ Къущхьэхъу хъупІэхэр кьэрал мылькуу зэрыщытым икІи ахэр приватизащэ щІыну зэрыхуэмытым. Иджы «Гъэмахуэ хъупІэу кьагъэсэбэпыну щІыналъэхэр зэрауБзыку, ахэр кьызэрагъэсэбэп щІыкІэм и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и законым ипкъ иткІэ хъупІэхэр щІапщытыкІ, абыхэм я гъэнапкъэхэр яубзыку. А Іуэхум ехьэлІа материал псори КЬБР-м и Парламентым ираташ уеийщ 2014 гъэм щІышыгъэм и 1-м фІмэкІыну.

Шэрджэмуниципальнэрайонымиадминистрацэм и Іэтащхьэ Темиржанов Махъты, Шэджэм муниципальнэ районым хьыхъэ Шэджэм Ипщэ кьуажэм и Іэтащхьэ Кулиев Иброхым сымэ кьыхалъхьащ Къущхьэхъу хъупІэхэр зэрахьэну ахэр нэхъ зыпэгъунэгъу муниципальнэ щІыналъэхэм ираты икІи хъупІэхэр кьызэрагъэсэбэпым кьыпэкІу зэхъуэхэр щІыналъэхэм я бюджетым ягъэкІуэну.

КЬБР-м мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министр Кьаздохьэу Альберт абыкІэ акъылэгъу хьуащ. Ауэ абы кьыхигъэщащ зыхуэфащэ щІы лІэужьыгъуэхэр щыгъэхагъэльэхьуэкІиІэ жылагъуэхэм яку зэгурыІуныгъэхэр кьыдэхъунэкІэ зэрыхьунур. Абы кьыхэкІыу, министрым кьызэрилытэмкІэ, «щІыналъэ пыухыкІахэр муниципалитетхэм щрагъэбыдыпІэкІэ дэтхэнэ жылагъуэми щІмуэ хуриКъунур зыхуэдизыр» кьаІуэтатащ.

Іуэхум адкІэ щІепсэльыхьым зэІущІэм кьрихьэлІа псори зэакъылэгъуэ хьуащ хъупІэхэр «совет зэманым колхозхэм зэраІыгъам хуэдэу» ягуэшмэ, нэхъ тэмэму кьызэрагъэгъэкІ.

1980 гъэм щэкІуэгъуэм и 1-м, 1990 гъэм щІыналъэм и 1-м ирихьлІэу зыхуІпІэхэр жылагъуэхэм зэратегуэшауэ щытам теухуа информацэр Росреестрым кьеІыхыным теухуауэ КЬБР-м кьэрал мылькумрэ щІы Іуэхухэмкіэ и министрым и кьалэнхэр зыгъэзащІэм ахьыхилъхьар диІыгъащ КЬБР-м и кьэрал чэнджэщэгу Кьэрмокъуэ Хьэчим.

Марьяш Иринэ кьызэхуэсахэм гу лъарилъэтащ комиссэм и кьалэн нэхъыщхьэр гъэмахуэ хъупІэхэм я гъэнапкъэхэр кьеКІуэкІ хабзэхэр хьуэныж, щІыхуэхэм я щІыуэпсыр зэрытещІыхьыар республикэм ис псоми кьагурыгъэІуэн зэрыхуейр», - жиІащ премьерым и кьалэнхэр зыгъэзащІэм. Абы кьыхигъэщхьэхуКІащ мы Іуэхум Парламентым и депутатхэр, Правительствэм хэтхэм я мэзаохъуэ, щІыпІэ унафэр зезыгъаКІуэ ратащхэм кьызэрыгуКІ цІыхуэхэм щыгъуаз зэащІыныжкІэ Іэмал псори кьызэрагъэпэщын зэрыхуейр. «Псори кьызэрыгуэкІыу, гурыІуэгъуэ егъэКІуэКІыпхъэщ икІи а жэрдэмкІэ щІэныгъэ ІыгъынымкІэ дыхущІэкъун хуейщ», - кьыщІигъэжащ Марьяш Иринэ.

КЬБР-м и Правительствэм зэІущІэм хэтахэм лъэІуКІэ захуигъэзащ Къущхьэхъу хъупІэхэм я гъэнапкъэхэр ездакІыпсту зэрыщытыгъэм хуэдэу кьагъэзэжыныр даІыгъыну. АбыкІэ псори акъылэгъу хьуащ.

«СэвкавНИИгипрозем» акционер зэгухэныгъэ зэІухам и унафэщІ КІыщыкъуэ СультІан зэІущІэм хэтахэр игъэгугъащ лэжьыгъэ псори тэмэму икІи и зэманым зэфІигъэхІыну.

КЬБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапіэ.

● Прохладнэ щІыналъэ

Мелуан 70 хухах

КЬБР-м и Парламентым Спортымрэ туризмэмкІэ и комитетым зэІущІэ зыубгъуа щекІуэкІащ. Ар теухуауэ щытащ физкультурэмрэ спортымкІэ Іуэхущ Іапіэхэм я мылькутехникэ щытыкІэм зегъэужьыным.

НАЛШЫК щекІуэкІа а зэІущІэм хэтащ Прохладнэ кьалэм и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэм социальнэ Іуэхуэхэмкіэ и кьуэдзэ Клешня Ларисэрэ щэнхабзэмкІэ, щІалэгъуалэ политикэмрэ спортымкІэ кьудамэм и унафэщІ Колпак Ольгэрэ. Абы унафэ кьыщащтащ федеральнэ бюджетым кьыхъэжьыу Прохладнэ кьалэм къэжьыхьІпІэхэр, атлетикэ псыпІэщэмэ сабий спорт школыр зыхуей хэгъэзэным сом мелуан 70 хухахьну. Ар кьрикІуащ спорт школыр 2006 - 2015 гъэхэм тещІыхьа «Урысей Федерацэм физкультурэмрэ спортымрэ зыщегъэужьын» федеральнэ программэм зэрыхагъэхьам. КьыщынэмыщІауэ, илъэс кьэс ирагъэкІуэкІ «Кавказ джэгухэр» фестивалым 2012 гъэм зэрыщытекІуам кьыпэкІуэну Къэбэрдей-Балькъэрым федеральнэ бюджетым кьыхуиутыпщащ субсидиехэм я фІыгъэкІэ пщІанТІэ утыкуищым папщІэ спорт тренажерхэр къащхъуащ.

Прохладнэ къалэм и щІыпІэ администрацэм и пресс-Іуэхущ Іапіэ.

● Аруан щІыналъэ

Къабзэу икІи дахэу

Хъанычэхэ Хьэбасрэ Аринэрэ я унагъуэм Нартыкъалэ Шэджэхьэщ Іэм и щІэкІэ щыІэ уэрамым ильэситі и пэкІэ льапсэ щІэщІыкІуащ. Абы пэнджэрэ лэжьыгъэшхэу эзэфІагъэкІащ: я псэупІэр кьабзэщ, сыт щыгъуэ зэщІэжьуащ.

Зэщхьэгъусэхэр зэпымыууэ ялэжьащ. Абыхэм я пщІантІэм и тепльэм удехьэх - дэнэ щІыпІи удэ гъэгъахэр щагъэтІысащ.

СОКЪУР Риммэ.

ЗэдэІэпыкъуныгъэм къыхураджэ

● Хъэрычэтыщ Іэ

Сурэтыр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

Къэбэрдей-Балькъэрым и бизнес-инкубаторым фокІадэм и 30-м щекІуэкІащ хьэрычэтыщІэ мащІэмрэ курытымрэ къащхьэщыжыным, абыхэм я лэжьыгъэ хабзэм тетуэнэтІыным теухуа Іуэхугъуэхэр щыІэпкърахэ зэІущІэ.

АБЫ ХЭТАЩ КЬБР-м хьэрычэтыщІэхэм я хуитынигъэхэр хъумэнымкІэ и уполномоченнэ **Пархоменко Юлие**, Федеральнэ антимонопольнэ Іуэхущ Іапіэм и республикэ кьудамэм и унафэщІ **Пщыншэ Къазбэч**, Промышленникэмрэ хьэрычэтыщІэхэм я щІыналъэ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэм и кьуэдзэ **Гуфэщ ыкІ Жантемыр**, Къэбэрдей-Балькъэрым и прокурорым и дэІэпыкъуэгъу нэхъыжь **Соттаева Жанна**, «Урысейм и щІэгъэкъуэн» ООО-м и щІыпІэ кьудамэм и унафэщІ **Кьылъышкъуэ Альберт** сымэ, нэгъуэщІхэри.

КЬБР-м и прокуратурэм федеральнэ законодательствэр зэрагъэзащІэм кІэлъыплъыныжкІэ и кьудамэм и прокурор нэхъыжь **Хурэ Тимур** кьыгъеувыІащ хьэрычэтыщІэхэм я хуитынигъэхэр хъумэным теухуа хабзэхэр ялъытыж и гъэзащІакІуэ Іуэхущ Іапіэхэм нэгъэсауэ зэрамегъэзащІэм, ящыныкъуэхэр абы фэрыщІу зэрыбгъэдыхьэм.

- Прокуратурэм и закъуэкІэ зэфІэгъэкІа хъунукъым хьэрычэтыщІэхэм кьыхуиутыпщ Іэ жыным хуэгъэзауэ кьыкъуэкІ Іуэхугъуэ псори, - жиІащ Хурэ Тимур. - КьыхэгъащІпхъщ, ящы я щІэсахэм кьыхагъэзащІ. Абы кьыхэкІкІэ нобэкІэ зыкъыхтхуэзыгъаззэхэр мащІэ дыдэщ.

ХьэрычэтыщІэхэм я хуитынигъэхэр кьыщІэзэпаудкІэ, тхьэусыхэн щІажагъэуэм и щхьэусыгъуэхэм ящыщу зэІущІэм щІэсахэм кьыхагъэзащІ. Абы кьыщІэдзэпыкъуну зыщыгугъэхэм кьыхуащІэфыну зыхуэдизыр Іуплщ, зэхэгъэкІауэ зэрыщыкІмытыр, тхыгъэхэм я жэуапыр зэрыгуфэ, яхэныкъуэхэм и дежи зызыхуагъаззэхэмрэ я жагъуэ къэзыщІэкІэмрэ зы кІуныкъуащІапІу зэрыкІыпІу, нэгъуэщІхэри.

- Тхьэусыхафэм и жэуапыр ягъэгувэмэ е кьызэрыпэджажащ щыкІэм хьэрычэтыщІэр арэзы темыхьэмэ, ищхьэкІэ щыІэ кьупыкъуащІапІэм абы зыхуиГаззэ хъунущ. ПІалъэ пыухыкІахэр щыІэщи, абыхэм фІагъэкІыну, тхыгъэ кьыІэрыхьам и жэуапыр игъэгувэну зы Іуэхущ Іапіи хуиткъым.

Иужьрей зэманым кьыкъуэкІа Іэмалыфіхэм ящыщщ Интернетыр.

- Дэ сайт диІэщ, - жиІащ Соттаевэ Жанна. - Абы прокуратурэр тхьэусыхафэхэм зэрабгъэдэхьэм теухуауэ куэд итщ. ХьэрычэтыщІэхэм захудогъаззэ: ди Іуэхущ Іапіэм фыкъэкІуэпІэну фыхущІэмыхьэмэ, Интернетым «Республикэм и прокуратурэ» сайтыр щІэтІысхьэн хъунущ. Сыт хуэдэ упщІэкІэ зыкъытхузэгъаззэми, сыт хуэдэ тхыгъэ кьевгъэхьыми, ар асхьэзэту ди дежи щатхынурэ абы и жэуапым елэжьын щІадзэнущ. ТхьэмахуээмахуищІым кьриубыдэу фы тхыгъэм кьрикІуам теухуа хьыбарыр кьыкІэрагъэхьэжынущ. КьыщынэмыщІауэ, зи гугъу тщІы сайтым хьэрычэтыщІэм и щхьэм и лэжьыгъэм щхьэпэ щыхуэхьуну тыкІэгъэхэри кьыщыгъэтынущ.

ЛъэныкъуитІри щызэІущІэ, я Іуэху еплъыкІэхэмкІэ щызэхъуажэ зэхьыхьэхэр егъэкІуэкІын хуейуэ кьэзыІыпхъэ щыщущ Пщыншэ Къазбэч.

- Интернетым тыншыгъуэу кьытхуихьыр, дауи, нэрылъагъущ, - кьыхигъэщащ абы. - Ауэ «бизнес-омбудсмен»-кІэ зэджэ мыпхуэдэ зэхуэсхэр зэхэщэнми мыхьэнэшхуэ иІэщ. Мыбдежым дэ дыщызэрольагъу, ди гукъэ-ГуэхэмкІи дыщыІэздогуашэ. Хьэрычэтыщ Іэхэм дакъыщхьэщыжьын хуейуэ къэралым ди пщэ кьыдильхьащ. Ар, зэзэгъыщІэн, цІыхуэр иджыри кьызэдсым тэмэму зэмыса унэтІыныгъэщ. Абы кьыхэкІкІэ, хьэрычэтыщІэхэм зыныфхуэдогъаззэ: зэрахуэфащэу фи хуитынигъэхэр хъума хьун папщІэ, фэри фыкьыддэІэпыкъу, зыкъэдвгъащІэ, фи Іуэху зыІутым теухуауэ хъыбархэри тщыбмызыщІ.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

●Махуэшхуэ зэхьхьэхэр

Сурэтыр **ЕЛЪКЪАН Артур** трихащ.

ЕгъэджакIуэм и щIыхькIэ

Налшык дэт Къэрал киноконцерт гъэлъэгуапIэм жэпуэгъуэм и 5-м гуфIэгъуэ пшыхь щекIуэкIащ. Зэхьхьэр тепуфуэ щытащ ЕгъэджакIуэм и махуэшхуэм. Дзэржэгъуэрэ гукъыдэжрэ щытепщэ, егъэджакIуэм хуэгъэза къыхуеджэныгъэ гуапэхэмра удз гъэгъа дахэхэмкIэ гъэщIэрэмщIа пэшыпхуэм щыдэхуэащ республикэм и егъэджакIуэ пашэхэр, гъэсакIуэ пэрытхэр. Абыхэм папщIэ ята гуфIэгъуэ концертым хэтащ «Гъыхэм я макъамэ», «Глюрие», «Асса» сабий гупхэр, уэрэджыIакIуэ ныбжьыщIэхэр.

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къалэнхэр зыгъэзащIэ **Марьяш Иринэ** кьэзэхуэсахэм я пащхьэ къыщеджащ республикэм и Iэтащхьэ Кьанокъуэ Арсен ЕгъэджакIуэм и макъамкIэ а IэщIагъэм ирилажьэхэм Зэрызахуигъаззм. А тхыгъэмкIэ республикэм и Iэтащхьэр гуапэу екъуэхъуэащ ди щIыналъэм и егъэджакIуэ псоми. Абы и ужькIэ Марьяш Иринэ ди республикэм и ордженIэ IэнатIэм зи лэжьыгъэфIэмкIэ кьыхэжаныкIа Iэщ1агъэ1 гупым яритыжащ щIыхь, фIыщIэ тхылъхэмрэ саугъэтхэмрэ. КъБР-м и ЩIыхь тхылъыр хуагъэфащащ Бахьсэн дэт курыт школ №94-м биологиер щэзыгъэдж Бейтыгъэн Эммэрэ Сэрмакъ дэт курыт школ №1-м урысыбзэмрэ литературэмкIэ и егъэджакIуэ Дау Людмилэрэ. «КъБР-м щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ» щIэ лъапIэр фIащащ Налшык дэт лицей №2-м физикэр щезыгъэдж Балэ Хьусенрэ Мечиев Кязим и цIэр зезыхьэр Безенги дэт курыт школым балъкъэрыбзэмкIэ и егъэджакIуэ Чочаевэ Нэжбэтрэ. КъБР-м егъэджэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ хьуэхэщ егъэджэныгъэмкIэ щIыпIэ Iэнатlэхэм я унафэщIхэу Абрэдж Тамарэ (Бахьсэн район), Скляровэ Татьянэ (Прохладнэ къалэ) сымэ, нэгъэщIхэри. КъБКъУ-м и профессор Габуниа Зинаидэ «КъБР-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» щIэ лъапIэр фIащащ.

Республикэм и егъэджэныгъэ Iэнатlэм и зыужьныгъэм хэлъхьэныгъэ ин хуэзыщI лэжьакIуэ пашэ зыбжанэм КъБР-м и Iэтащхьэмрэ и Правительствэмрэ кьабгъэдэкIыу фIыщIэ хуащIащ.

Махуэшхуэр зейхэм адэкIэ гуапэу екъуэхъуащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщым и къуэдзэ **Саенкэ Татьянэ.**

ныБЭЖЬ Таисэ.

Гулъытэ зэи щремыщIэ

Зи ныбжь хэкIуэтахэм я дунейпсо махуэм ирихьелIэу ди республикэм и щIыпIэ куэдым зэгуущIэ гуапэхэр щекIуэкIащ. Абыхэм щагъэлъэпIащ ди нэхъыжьыфIхэр, псалъэ хуабзэхэрэ тыгъэ дахэхэмкIэ ягъэгуфIэу.

●ЗэIуущIэхэр

«ДыщIалэщ, фыз дыкъалъагъуэ» фIэщыгъэм щIэт махуэшхуэ концерт куейм щыпсэу нэхъыжьхэм папщIэ ямышIэзагъэпэщащ. ПсомкIи щIэпсэлъэнымкIэ и администрацэм и пресс-Iуэхуущ1апIэм и лэжьакIуэ ГъэтыжЗалинэ къыз1эрыджи1амкIэ, гуфIэгъуэм щызэхуашэсат куейм и зыужьныгъэм хэлъхьэныгъэ ин хуэзыщIа лэжьыгъэм и ветеранхэр, нэхъыжьыфIхэр. Зи гъащIэ гъэзэгуанэр Iуэхугъуэ купщIафIэхэмкIэ гъэнщIа а щIыхь псэ хьэпэхэм щагъэтхуа щIыпIэм, республикэм заузэщIым папщIэ Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэхэр зэфIагъэкIащ. Гъащ1эм щызэрихьэлIэ гъэпощхьэпохэм ахэр текIуэфащ, щыIэныгъэ, акъылыфIагъэ, бэшэчагъ зэрахэтымкIэ.

Гуфlэгъуэ пшыхьым нэхъыжьхэм папщIэ щыIуащ уэрэд дахэхэр, макъамэ екIуэхэр, гъэпэкь кьафэмрэ щагъэзэщIащ. Iуэхур зыхуэгъэзэа езы нэхъыжьыфIхэри жыджэру хэтащ концертым, кьафэу, джагу.

- ЗэфIэдгъэкI лэжьыгъэхэм увыпIэшхуэ щызыубыд унэгъэныгъэхэм я щIыпIэ зи ныбжь хэкIуэтахэм яхуэфащэ гулъытэ яхуэщIыныр, - кэн куейм и администрацэм и Iэтащхьэ Кебеков Валерэ. - ТIъхэкI псомкIи защIэдгъэкъуэнущ абыхэм, я гъащIэр тынш яхуэтщIын, абы и Iэфыр иджыри зыхедгъэщIэжын папщIэ.

Республикэм и кьаладжьэми щекIуэкIащ Iэ ныбжь хэкIуэтахэм я махуэм хуэгъэпса зэхьхьэхэр. Налшык дэт кьаэз библиотекэ нэхъыщхьэм и лэжьакIуэхэм нэхъыжьхэм папщIэ пшыхь гуапэ кьыхэзгъэпэщащ. ЩIыпIэ администрацэм и пресс-Iуэхуущ1апIэм и лэжьакIуэ Уянаевэ Заринэ кьита хьыбарым кьыхэзрыхэщымкIэ, зэхуэсым хэтащ тхылъ хъуманIэм куэд лъандэрэ кьекIуалIэ и щIэджыкIакIуэ нэхъыжьхэр. «Гъащ1эм и кхъухьым дису бжьыхь нэгъуэщхьэ программэм кьриихьэлIащ хьэщIэ лъапIэу, нэхъыжьыфIхэу 20-м щIигъу. Ахэр тепсэлъыхьыжащ я гъащIэ гъэзэгъэ пэм, абы кьинэтеуэу щыта Iуэхугъуэ купщIафIэхэмрэ зыхуэзауэ щыта цIыху гъэщIэгъэнэмрэ.

ЗэIуущIэм и кIэухыу хьэщIэхэм Iэнэ кьыхуащтащ, Гуапэу екIуэкIа пшыхьыр гукъинэ ящIыхьащ абы хэта псоми: кьрагъэблагъэхэмэ кьыззэзыгъэпэщахэми.

Зи ныбжь хэкIуэтахэм я махуэшхуэр гъэщIэгъуэну щекIуэкIащ Прохладнэ кьалэми районми. КъБР-м ЦIыхубэ хъыбарегъащIэ IэнатlэхэмкIэ, жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэмкIэ и министерствэм и лэжьакIуэ Джэдгъэф Маринэ.

«Пенсэм кIуа нэхъыжьхэр социальнэу дэIыгъын» проектым ипкъ иткIэ кьызэрагъэпэща зэпеуэм екъуэлIэныгъэ яIуэ хэта нэужь, щIыпIэм и нэхъыжьхэм папщIэ кьащэхуащ компьютери 5, нэгъуэщI зыхуеину техникэ. БзэкIэныгъэ мазитIым кьриубыдэу пенсионерхэм Iэмал яIэнущ компьютеркIэ лажьэу, Интернетым и Iэмалхэр кьагъэсэбэпыфу зрагъэсэну. «Гъащ1эм и зэман» клубым абыхэм щадэлэжьэнущ программэм и лепуэ егъэджэныгъэ кьызэгъэпэщыныкIэ центру Прохладнэм дэтым и унафэщI Цагаловэ Светланэ.

«Ди районым щопсэу пенсионер мин 24-м щIигъу. Дэ ди кьалэнщ абыхэм сыт и лъэныкъуэкIи дадэIэпыкъуну, иджырей гъащIэм деKIуэкIыфым папщIэ, абы кьыхьыхьэ технологием щыгъуазэ щIынри хэту, - жеIэ Прохладнэ кьалэм и пенсионерхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI Левченкэ Аллэ. - Нэхъыжьхьэм ехьэлIа сыт хуэдэ IуэхумкIи щIэтъэкIуэн къыщытхуохъу кьалэм, куейм я администрацэхэр. Абыхэм я фIыгъэщ компьютер классыщIэр стIолхэмкIэ, щэнтхэмкIэ, нэгъэщI зыхуеину хъэпшыпхэмкIэ кьызэгъэпэща зэрыхьуар. Апхуэдэу УФ-м и Пенсэ фондым Прохладнэ кьалэм щиIэ кьудамэм пщэрыпъ зыщIыщыжащ техникэ и лъэныкъэкIэ кьыддэIэпыкъуну.

Компьютер классыр кьащIыщэIуахьым кьрихьэлIа КъБР-м щIыхьэ хъыбарегъащIэ IэнатlэхэмкIэ, жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэмкIэ и министерствэм и кьудамэм и унафэщI Шыбэхьтыр Залым кьыхэзгъащIащ электрон Iэмалхэм хуэзыжьу нэхьыжьхэр щытыным абыхэм я гъащIэр зыкъомкIэ нэхъ тынш, щIэщыгъуэ зэрищIынур. Кьаптщтэмэ, адэ-анэ куэдым я бынхэр щIыпIэ жьжьхэхэм щопсэу, щолажьэ. Аэр зэпсэльэфынущ, зэрылъагъуфынущ компьютерым, Интернетым яIэ Iэмалхэм я кьыхэзгъэкIынущ. Апхуэдэу электрон Iэмалхэр сабийхэм яIэрыхьэнымкIи.

ЖьыпIэнурамэ, Зи ныбжь хэкIуэтахэм я махуэм ирихьелIэу ди республикэм Iуэхугъуэфl куэд щекIуэкIащ. Апхуэдэ гулъытэр маухуэ закъуэ лъжьыгъэ мыхъуу, ди гъащIэ мардэ ирехъу. Щремыщ1э зэи нэхъыжьыфIхэр ди гулъытэ.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.



Щ1эщыгъуэ икIи удэзыхьэх

(КIэухыр. Пэщ1эдзэр 1-нэ нап.).

Махуэшхуэм зэрыщIидзэм и щIыхьэту, «Кавказ джэгухэм» я бэракьыр, абы иужькIэ республикэхэм я ныпхэмрэ гербхэмрэ утыкум кьрахьащ. Фlэхьыс гуапэкIэ кьызэхуэсахэм зыхуагъэзащ УФ-м и Президентым и уполномоченнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхьэрэ федералыгъэ щIыналъэм щыIэ Хлопонин Александр, спортымкIэ и министрым и кьуэдзэ Щербаков Сергей, Ставрополь крайм и губернаторым и кьалэнхэр зыгъэзащIэ Владимиров Владимир сымэ.

- Мыпхуэдэ зэхьхьэм и мыхьэнэр хуабжьу инщ, - жеIащ яIэу кьэпсэльэ Щербаков Сергей. - Абы, яIэ дыдэрауэ, щIыналъэм хиубыдэ хэгъуэгуфхэм щыпсэу лъэпкьхэм щэнхабзэ и лъэныкъуэкIэ я зэфIэкIми, абыхэм спортым хуаIэ фIыльалъуныгъэми зрегъэужь. Ар, дауи, гъащIэм кьыхьхьэ зэхьэжьныгъэфIхэм ящыщ.

Кавказым мамырыгъэмрэ зэныбжьыгъуэгъэмрэ я щIыналъэу зэрыщытым и щIыхьэтщ, иужькрей зэманым щIэх-щIэхыуэ КIРФЩI-м кьыщIэзрагъэпэщ фестивалхэр.

- Нобэ хуэдэ махуэ щIыIэм мы щIыпIэм кьекIуэлIа хьэщIэхэм фIыщIэ ин яхуэфащэщ, - жеIащ абы теуухуэуэ Хлопонин Александр. - Ставрополь крайм щыпсэухэмрэ Псыхуабэ дэс цIыхухэмрэ зэрытебгъуэм, зэрывгъэгушхуэм и мызакъуэу, шэч хэмылту, мыхьэнэшхуэ иIэщ Кавказым ис лъэпкъхэм щэнхабзэ-спорт и лъэныкъуэкIэ дахагъэу яб-гъэдэлым щыщ теплъэгъуэхэр нобэ абыхэм зэралъагъунуми.

СпортымкIэ зэхьэзэхуэхэм щIэдзащ. Зэрызэпеуа лIэужьыгъуи 10-м ящыщу 3-мкIэ - кIапсэ дэпщеныжьмкIэ, хьэлъэ къэзгъэтыныжьмкIэ, тIэунейрэ лъэныжьмкIэ - Къэбэрдей-Балъкъэрым и спортсменхэм ещанэ увыпIэр кьахьащ.

Хуабжьу удэзыхьэхт икIи нэгъэщыжьт кIапсэ эзпекьыжьмкIэ екIуэкIа зэхьэзэхуэр. Стадионым иса цIыхухэм яхэбгъуэтэну къыщIэкIынтэкьым абы хуэзгущIыIа. Ялэ щIыкIэ Дагъыстэнымрэ Шэщэныжьмрэ щыщ лIы пащзкэр зэпекьащ. Абы щэщэнхэр щытекIуащ. КIэлIыкIуэу, Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Ингушымрэ кьинкIаехэр зэпэщIэувати, дыдейкэр нэхьыфIащ. Ставрополь краймрэ Осетие Ищхьэрэ-Аланиемрэ я зэхьэзэхуэр хэгъэрейхэм нэхъ кьайхьуIащ. Егпланэ ихьэгъуэм ди республикэмрэ Къэрэшей-Шэрджэсымрэ щызэрихьэлIащ. Абы Къэбэрдей-Балъкъэрым икIа гупыр щытекIуащ. КьыкIэлъыкIуэ зэпекьум щэщэнхэр Ставрополь крайм и командэм щефIэкIащ. Иужьрейм фестивалым щынэхъ лъэщ командитIыр щызэрихьэлIащ: Щэщэнхэм кьэкIа IлыI домбей лъагэщхуэхэм яIущащ ди республикэм икIа щIалэр бланэхэр. Яхуэзфlэкl кьамыгъанэу енькъуэкъуа щхьэкIэ, хьэлъагъкIэ кьащэчыр куэдкIэ зэрынэхьыбэм кьыхэжIыу, щIалэхэр я хьэхуэрэгъуэхэм япэлъэщакьым.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ Кьущхьэ Артур япэ увыпIэр кьыщихьащ цIыхухъуэхэм щабзэ гъэуэнымкIэ ирагъэкIуэкIа зэхьэзэхуэм. Ар екъуалIэныгъэ инщ.

Кьыхэгъэщыпхъэщ, зэпеуэхэм кьадэкIуэу, пщIантIэ гъэлъэгъуапIэхэри зэрыгъэхэтар. Хьэлэмэтт абыхэм удыхьэу зыщыпплъыхьыхьри, кьыдэIуэ макъамэ гуакIуэхэм зыщIэдэIупри. Дэнэкьи щIалэгъуалэр щыкуэдт. Нэхьыжьыуэхэри, уеблэмэ зи ныбжь хэкIуэтахэри щымащIэтэкъым а пщIантIэхэм. Къэбэрдей-Балъкъэрым и хэщIапIэм а махуэм цIыху куэд щыпсэкIащ. Абы къыщызэрагъэпэща джэгушхуэм зыкъыщызыгъэлъэгъуа щIалэгъуалэм утыкур ягъэбжьыфIащ.

Псыхуабэ щIэ стадионым и пэ кьит парк ихьэпIэми къыщызэIуахат концерт гъэлъэгъуапIэ. Чэзу кьалъысым теуухуэу, абдежьым республикэ псоми икIа артистхэм уэрэд щыжIащ, кьафэ щагъэзэщIащ, Мэжкуу кьалэ дэт лъакъуэрыгъаБзэмкIэ клубым. Хэт ныбжьыщIэхэм «ГъущIышыр» эзрахуэгъэIурыщIэм утым щызэхуэса цIыхухэр Iуагъэпльащ.

«Кавказ джэгуэр-2013» фестивалыр зэрызэхуащIыжьым теухуа пшыхь паркым ит концерт гъэлъэгъуапIэм а пщыхьэщхьэм щекIуэкIащ. Абы и пэщIэдзэм, езыр зыхэт «Сочэ-2014» олимп комитетым кьыбгъэдэкIыу, Хамицаев Къазбэч Псыхуабэ щызэхуэса зэхьхьэм зи командэ кьезышIэла хэгъуэгу псоми я делегацIэхэм дипломхэмрэ тыгъэ лъапIэхэмрэ яритащ.

ЩужькIэ ирагъэжIуэкIа концертри хуабжьу удэзыхьэху икIи щIэщыгъуэу кьызэрагъэпэщат. Абы Кавказ Ищхьэрэ федералыгъэ щIыналъэм хиубыдэ хэгъуэгу псоми я художественнэ коллективхэм зыкьыщагъэлъэгъуащ.

Жэщым фIыуэ хэкIуэтауэщ щIыху мини 2-м нэблагъэ зыщIэса пэшышхуэм щекIуэкIа гуфIэгъуэ концертыр щиухар. Псыхуабэ щызэхэта Кавказ джэгуэхэм зэрыгъэIуа псомиI я художественнэ коллективхэм зыкьыщагъэлъэгъуащ.

Жэщым фIыуэ хэкIуэтауэщ щIыху мини 2-м нэблагъэ зыщIэса пэшышхуэм щекIуэкIа гуфIэгъуэ концертыр щиухар. Псыхуабэ щызэхэта Кавказ джэгуэхэм зэрыгъэIуа псомиI я художественнэ коллективхэм я щIыщIэIуаIэри абы щыгъэуэращ. ТекIуэныгъэр Шэшэн Республикэм хуагъэфащащ. Адэжь кьыкIэлъыкIуэ Дагъыстэнымрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.
Сурэтхэр **КАЮДИН Евгений** *трихащ.*

Ди щIалэ кьарууфIэхэр.

«Кабардинка» къэрал академическэ ансамблыр кьофэ.

Гукъыдэжрэ дэрэжэгъуэрэ

КъБР-м и Хабзэхъумэ Iэнатlэхэмрэ къэрал кIуэцIдзэхэмрэ я ветеранхэм я советым и хэщIапIэм зэхьхьэ гуапэ щекIуэкIащ.

ПэщIыщIэм щыIэхэсат Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэ МВД-м и лэжьыгъэм ноби хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщI, цIыхубэм кьулыкъу хуэщIапIэм, щIэпхъаджагъэм ебэныным зи гъащIэр тезыхуэя ветеранхэр. НэхъыжьыфIхэм псалъэ гуапэхэмкIэ захуигъэзащ къэрал кIуэцI IуэхугъэмкIэ министру КъБР-м щыIэ полицэм и генерал-майор Васильев Сергей.

- ПщIэ зыхуэтщI ди ветеран лъапIэхэ! Сэ езым, министерствэм и унафэщIхэм кьабгъэдэкIыу нобэрей маухуэмкIэ сынывохъуэхъу. Уэыншагъэ фиIэу, фи кьарур мыкIуэщу илъэс куэдкIэ фытхъапсэумэ ди гуапэщ. Дэ дрогушхуэ фи ехьулIэныгъэхэм, дэркIэ фыщIапхъэщ, сыт хуэдэ гугъуехьи кьызэнэкIыныжьмкIэ фи деж зыщыдогъасэ. Фэ кьытхуоIэнэ щIэнныкъуэ лъапIэр, зэи хуэмыдэу нобэ щIалэгъуалэр зыхуэныкъуэр - гъащIэм, лэжьыгъэм щызыIэрывгъэхьа Iэзагъэр, фи щIэныгъэ и къэпсэлъэныгъэм кьыщыхигъэщащ (Iэскэн куейм и администрацэм и Iэтащхьэ Кебеков Валерэ. - ТIъхэкI псомкIи защIэдгъэкъуэнущ абыхэм, я гъащIэр тынш яхуэтщIын, абы и Iэфыр иджыри зыхедгъэщIэжын папщIэ.

Республикэм и кьаладжьэми щекIуэкIащ Iэ ныбжь хэкIуэтахэм я махуэм хуэгъэпса зэхьхьэхэр. Налшык дэт кьаэз библиотекэ нэхъыщхьэм и лэжьакIуэхэм нэхъыжьхэм папщIэ пшыхь гуапэ кьыхэзгъэпэщащ. ЩIыпIэ администрацэм и пресс-Iуэхуущ1апIэм и лэжьакIуэ Уянаевэ Заринэ кьита хьыбарым кьыхэзрыхэщымкIэ, зэхуэсым хэтащ тхылъ хъуманIэм куэд лъандэрэ кьекIуалIэ и щIэджыкIакIуэ нэхъыжьхэр. «Гъащ1эм и кхъухьым дису бжьыхь нэгъуэщхьэ программэм кьриихьэлIащ хьэщIэ лъапIэу, нэхъыжьыфIхэу 20-м щIигъу. Ахэр тепсэлъыхьыжащ я гъащIэ гъэзэгъэ пэм, абы кьинэтеуэу щыта Iуэхугъуэ купщIафIэхэмрэ зыхуэзауэ щыта цIыху гъэщIэгъэнэмрэ.

ЗэIуущIэм и кIэухыу хьэщIэхэм Iэнэ кьыхуащтащ, Гуапэу екIуэкIа пшыхьыр гукъинэ ящIыхьащ абы хэта псомиI: кьрагъэблагъэхэмэ кьызэзыгъэпэщахэми.

Зи ныбжь хэкIуэтахэм я махуэшхуэр гъэщIэгъуэну щекIуэкIащ Прохладнэ кьалэми районми. КъБР-м ЦIыхубэ хъыбарегъащIэ IэнатlэхэмкIэ, жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэмкIэ и министерствэм и лэжьакIуэ Джэдгъэф Маринэ.

«Пенсэм кIуа нэхъыжьхэр социальнэу дэIыгъын» проектым ипкъ иткIэ кьызэрагъэпэща зэпеуэм екъуэлIэныгъэ яIуэ хэта нэужь, щIыпIэм и нэхъыжьхэм папщIэ кьащэхуащ компьютери 5, нэгъуэщI зыхуеину техникэ. БзэкIэныгъэ мазитIым кьриубыдэу пенсионерхэм Iэмал яIэнущ компьютеркIэ лажьэу, Интернетым и Iэмалхэр кьагъэсэбэпыфу зрагъэсэну. «Гъащ1эм и зэман» клубым абыхэм щадэлэжьэнущ программэм и лепуэ егъэджэныгъэ кьызэгъэпэщыныкIэ центру Прохладнэм дэтым и унафэщI Цагаловэ Светланэ.

«Ди районым щопсэу пенсионер мин 24-м щIигъу. Дэ ди кьалэнщ абыхэм сыт и лъэныкъуэкIи дадэIэпыкъуну, иджырей гъащIэм деKIуэкIыфым папщIэ, абы кьыхьыхьэ технологием щыгъуазэ щIынри хэту, - жеIэ Прохладнэ кьалэм и пенсионерхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI Левченкэ Аллэ. - Нэхъыжьхэм ехьэлIа сыт хуэдэ IуэхумкIи щIэтъэкIуэн къыщытхуохъу кьалэм, куейм я администрацэхэр. Абыхэм я фIыгъэщ компьютер классыщIэр стIолхэмкIэ, щэнтхэмкIэ, нэгъэщI зыхуеину хъэпшыпхэмкIэ кьызэгъэпэща зэрыхьуар. Апхуэдэу УФ-м и Пенсэ фондым Прохладнэ кьалэм щиIэ кьудамэм пщэрыпъ зыщIыщыжащ техникэ и лъэныкъэкIэ кьыддэIэпыкъуну.

Компьютер классыр кьащIыщэIуахьым кьрихьэлIа КъБР-м щIыхьэ хъыбарегъащIэ IэнатlэхэмкIэ, жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэмкIэ и министерствэм и кьудамэм и унафэщI Шыбэхьтыр Залым кьыхэзгъащIащ электрон Iэмалхэм хуэзыжьу нэхьыжьхэр щытыным абыхэм я гъащIэр зыкъомкIэ нэхъ тынш, щIэщыгъуэ зэрищIынур. Кьаптщтэмэ, адэ-анэ куэдым я бынхэр щIыпIэ жьжьхэхэм щопсэу, щолажьэ. Аэр зэпсэльэфынущ, зэрылъагъуфынущ компьютерым, Интернетым яIэ Iэмалхэм я кьыхэзгъэкIынущ. Апхуэдэу электрон Iэмалхэр сабийхэм яIэрыхьэнымкIи.

ЖьыпIэнурамэ, Зи ныбжь хэкIуэтахэм я махуэм ирихьелIэу ди республикэм Iуэхугъуэфl куэд щекIуэкIащ. Апхуэдэ гулъытэр маухуэ закъуэ лъжьыгъэ мыхъуу, ди гъащIэ мардэ ирехъу. Щремыщ1э зэи нэхъыжьыфIхэр ди гулъытэ.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Пщ1эрэ щ1ыхьрэ зыхуэфащэхэр

Налшыкдэс нэхъыжьыфIхэм я махуэр хуагъэлъапIэу пшыхь дахэ зэхащащ КъБР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныгъэмкIэ и министерствэм щыхуэхэр IуэхуэхэмкIэ кьызэзыгъэпэщ и центрымрэ «Урысей зэкъуэт» политикэ партым и щIыналъэ кьудамэмрэ, Районхэм, кьалэхэм мазэкIэ щекIуэкIыну зэхуэс хьэлэмэтхэм ар я пэублэт.

ХЪУЭХЪУХЭМКIэ ди нэхъыжьыфIхэм зыхуагъэзащ «Урысей зэкъуэт» партым и Къэбэрдей-Балъкъэр кьудамэм и унафэщI Канунниковэ Татьянэ, Зауэрэ зэхьэныгъэмрэ я ветеранхэм я Налшык кьалэ советым и тхъмадэ Абдуллаев Мустэфа, зи Iэпкlэпкьым сэкъат иIэхэм я зэгухьэныгъэм и хьэмадэ ЩIалэгъуэныкъуэ Хьэчим, КъБР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныгъэмкIэ и министерствэм и лэжьакIуэ Беккиевэ Ларисэ сымэ.

Пшыхьым кьэкIуахэр я щIалэгъуэм хэзышэж уэрэдхэм щIагъэдэIуащ, ди республикэм и кьэфакIуэ гупхэм я зэфIэкIхэм ирагъэплащ.

ТОКЪМАКЪ Мадинэ.

ЛъэIухэм поплъэ

●Гу зылъытапхъэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым ЦIыхубэ хъыбарегъащIэ Iэнатlэхэмкlэ, жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэмкIэ и министерствэм фыщIэгъуэзэ КъБР-м цсуныгъэм егъэщIылIа организацэхэу коммерцэ Iэнатlэм пымыщIахэм я республикэ зэпеуэ (адэкIэ къызрыкIуэнур Зэпеуэщ) зэрыригъэжIуэкIымкIэ.

АР КЪЫЗЭРАГЪЭПЭЩ «Псэуныгъэм егъэщIылIа организацэхэу коммерцэ Iэнатlэм пымыщIахэр дэIыгъыным и IуэхукIэ» Урысей Федерацэм и Правительствэм 2011 гъэм зыщIэзэIум и 23-м кьудигъэкIа унафэ №713-р ягъэзащIэкIэрэ икIи «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым щыщ субсидиехэр псэуныгъэм егъэщIылIа организацэхэу коммерцэм пымыщIахэм зэрыратыну ящIыхьащ.

Абы щыхэпльэнукъым щыIэныгъэ ягъэзэщIэ е ягъэзэщIа проектхэм, апхуэдэу цIыхухэр ахъшэкIэ ядэIэпыкъуныр кьыщыгъэльэгъуа проектхэм.

Зэпеуэр зэрыригъэжIуэкIынур икIи абы хэтын пащIэ лъэIухэр кьыщыгъэльэгъуащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым щыщ субсидиехэр псэуныгъэм егъэщIылIа организацэхэм я коммерцэм пымыщIахэм зэрыратыну щIыкIэр къыщыгъэльэгъуащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым щыщ субсидиехэр псэуныгъэм егъэщIылIа организацэхэм я коммерцэм пымыщIахэм зэрыратыну хабзэм и IуэхукIэ» КъБР-м и Правительствэм 2013 гъэм мазаем и 26-м кьыдигъэкIа унафэ №51-ПП-м и щIыхь зэрыратыну щIыкIэр къыщыгъэльэгъуащ.

ЦIыхубэм хъыбар зэрырагъащIэ республикэ IэнатIэхэм яIэ зэрыгъэтрадзэрэ махуэ 21-м кьриубыдэу лъэIуэхэр щыIах мы хэщIапIэм: Налшык кьалэ, Лениным и проспект, 5, КъБР-м ЦIыхубэ хъыбарегъащIэ Iэнатlэхэмкlэ, жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэмкIэ и министерствэ. «Псэуныгъэм егъэщIылIа организацэхэу коммерцэм пымыщIахэр кьыщыхах зэпеуэ» тхыгъэхэр зытетха конверт зэхуэщIахэм илъ тхылъыпIэуи электрон IэмэпсымэхэмкIи (СД диск) кьахь хъунущ.

Зэпеуэм теухуа хьыбарыр итщ Къэбэрдей-Балъкъэрым ЦIыхубэ хъыбарегъащIэ Iэнатlэхэмкlэ, жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэмкIэ и министерствэм и **www.pravitelstvokbr.ru.** порталым.

ЛъэIуэхэр зэратыну щIыкIэмкIэ фыщIыщIэуэщIэ хъунущ мыхуэдэ телефонымкIэ: **8(8622) 77-83-35.**

Езыхэми яужэгъуагьэнт

● Футбол

«Спартак-Налшык» текIуэныгъэр кьыхуэзы-хьа топыр Чеботару Евгений (№21) дегъэкI.

«Уфа» (Уфа) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 0:1 (0:1). Уфа. «Динамо» стадион. Жэпуэгъуэм и 7-м. Щыхъ 2000 еплъащ.

Судьяхэр: Федотов, Деушев (тIури Мэзкъу щыщщ), Петросян (Бронницы).

«Уфа»: Юрченкэ, Тишкин, Аликин, Осипов, Сухов, Семакин, Баликаев (Вильям, 64), Жиляев, Нагибин (Мязин, 55), Диегу (Килин, 53), Голубов.

«Спартак-Налшык»: Степанов, Мэкъуауэ (Суслов, 37), Засеев, Тимошин, Гарбуз, Чеботару, Руа (Рухаиа, 86), Коронов (Буйтрагэ, 90+1), Щэуей, Медведев, Сирадзе.

Топыр дигъэкIащ: Чеботару, 35 (0:1).

Дагъуэ къыхуащIащ: Мэкъуауэм, Медведевым, Тимошиным, Килиным, Степановым, Осиповым.

«СПАРТАК-НАЛШЫКЫР-Башкортостаным и кьалащ-хьэм кIуащ Урысей Федерацэм футболымкIэ и япэ дивизионым мы гъэм щыIэ-хаубла зэхьэзэхуэм нэгъуэщI стадионхэм щригъэкIуэкIа зэIущIи 8-м щыщу зыми щытемыкIуауэ, 5-м кьыщы-хагъэщIауэ, 3-м зэрыщытемыгъэкIуауэ. Абы щыгъуэми я къэрхуэрэгъуэм топи 4 худигъэкIамэ, кьыхуда-гъэкIар 14 хьурт. НэгъуэщI щыпIэхэм щыджэгуныжкIэ налшыкдэсхэм нэхъыпэ зы-хэт гупым щынэхыжкIэр тур-нир таблицэм кIэух увыпIэр щызыIыгъ «Ангушт»-м и закъуэт. Ди щIалэхэр япэ-щIэтын хуейт нужкрей зэIу-щIэхэм фIы дыдэу зыкъэ-зыгъэпIагъуэу пашэхэм яхьыха, зи стадионым щри-гъэкIуэкIа джэгугъуи 8-м щыщу 7-м щытекIуа «Уфа»-м. Ар кьалэн тыншу зэрыщы-мытыр, дауи, гурыIуэгъуэт. Ауэ «Спартак-Налшыкми-кьикIуэтыпIэ иIэжтэкъым.

2013 - 2014 гъэхэм екIуэкI зэхьэзэхуэм зэрыщIидзэрэ зэIущIитIым фIэкIа щытемыкIуа ди щIалэхэмрэ абыхэм я тренерхэмрэ Iейуэ хужамыIар укIуэдыж. А псори зэхэпхьну, дауи, тыншкым икIи гурыхькым. ТекIуэныгъэхэм я дежи дэт-хэнэми уиIэтыну хьэзыр щхьэкIэ, Iуэхур щымыхъуэкIэ уХэзыютэнур нэхъыбэжщ. Арагъэнщ, «Спартак-Налшы-кьыр» щIэныгъэ-та ягъэ-гъуэгурыкIуэ, ауэ ди насыпыр нэхъ кьикIащ.

Зэхьэзэхуэм и пэщIэдзэм дьызэрыкIуэ-цIрыхуам кьыхэхIыу иджы ди къалэнщ дызэрыхуа щытыкIэ гугъум Iэмал имыIэу зэман кIэщIым дыкьи-кIыжьмэ. Адэкъ кьикIуэт диЖжкъым. Абы кьыхэкIыу Уфа дызэрыщытекIуам мыхьэнэшхуэ иIэщ.

- ЗэIущIэр нухьыным зы мащIэ фIэкIа къэмынэ-жьыхукIэ фи щIалэхэм ящыщу зы закъуэ фхъуэ-жауэ араш. Зэрыфхъуэжьын щымыIауэ ара хьэмэ-рэ джэгум хэтхэм адэжи фащыгугъа?

- Уфа-м джэгукIэ псынщIэ кьыгъэнгъэльагъуэ, дэри ар дэтIыгъащ. ЩIалэхэр зэрытхъуэжьын димыIауэ аракъым. Хэгъэрейхэм я футболист лъагэхэм япэу кьидгъэхьахэр япэщIэтыфти, я гъугъу тщIакъым.

КОЛЫБАНОВ Игорь,
«Уфа»-м и тренер нэхъыщхьэ:

Топыр пхудэмыгъэкIмэ, укъыхагъащIэ



- Мы зэIущIэм дыпэплъащ икIи хуабжьу ерыщу абы зыхуэдэхьэзыращ. Арами, дыкьыхагъэщIащ... ЩIэуэсыгъуэр ди деж кьыщылъыхъуапхъэщ. Жжетлат «Спартак-Налшыкыр-зэрымыщIэкIэ кIэух увыпIэхэм ящыщ зым кьыхэзрыщыхутар икIи абы хуэ-сакъын зэрыхуейр. АрщхьэкIэ щэнейрэ зэкIэтхъэжьжу угловой кьыхатэну хьэщIэхэм Iэмал иратащ икIи, икIэм-икIэжьым, топ кьыдрагъэгъэкIащ.

- «Уфа»-м кьыщIидзат, арщхьэкIэ псынщIэу ужьыкьыжащ. Сыт ар кьыхэзыхэкIар?

- Пэжщ, тепщэныгъэр тIэщIэкIащ. Ауэ абыкIэ кьуаншэр ди хьэрхуэрэгъуэрщ.

- ЗэхъуэкIныныгъэхэм ящыкIэ, уэзрепльымкIэ, нэхъ лъэщ фыхъуа?

- Джэгум и етIуанэ IыхьэкI кьидгъэхьахэм я лъэкI кьагъэнакъым. Iэмал зыбжанэ абыхэм кьиэзрагъэпэщащ. АрщхьэкIэ Iуэхур икIэм яхунэгъэсакъым. ФызэрыщыIуэзэщи, топыр пхудэмыгъэкIмэ, укъыхагъащIэ.

ХЬЭТАУИслъам.

ЗэIущIэ нэужьым

ШЫПШ Тимур,
«Спартак-Налшыкым» и тренер нэхъыщхьэ:

Адэкъ кьикIуэт диIэжтэкъым



- Псом ящхьэу сызыгъэгуфIар ди щIалэхэм я кьару ирогъ мы джэгум зэрыхатъхьащ. Абы щхьэкIэ къэмынэу хэгъэрейхэми Iэмал хъарзынэхэр яIащ, ауэ ди насыпыр нэхъ кьикIащ.

Зэхьэзэхуэм и пэщIэдзэм дьызэрыкIуэ-цIрыхуам кьыхэкIыу иджы ди къалэнщ дызэрыхуа щытыкIэ гугъум Iэмал имыIэу зэман кIэщIым дыкьикIыжьмэ. Адэкъ кьикIуэт диЖжкъым. Абы кьыхэкIыу Уфа дызэрыщытекIуам мыхьэнэшхуэ иIэщ.

- ЗэIущIэр нухьыным зы мащIэ фIэкIа къэмынэжьыхукIэ фи щIалэхэм ящыщу зы закъуэ фхъуэжауэ араш. Зэрыфхъуэжьын щымыIауэ ара хьэмэ-рэ джэгум хэтхэм адэжи фащыгугъа?

- Уфа-м джэгукIэ псынщIэ кьыгъэнгъэльагъуэ, дэри ар дэтIыгъащ. ЩIалэхэр зэрытхъуэжьын димыIауэ аракъым. Хэгъэрейхэм я футболист лъагэхэм япэу кьидгъэхьахэр япэщIэтыфти, я гъугъу тщIакъым.

КОЛЫБАНОВ Игорь,
«Уфа»-м и тренер нэхъыщхьэ:

Топыр пхудэмыгъэкIмэ, укъыхагъащIэ

- Мы зэIущIэм дыпэплъащ икIи хуабжьу ерыщу абы зыхуэдэхьэзыращ. Арами, дыкьыхагъэщIащ... ЩIэуэсыгъуэр ди деж кьыщылъыхъуапхъэщ. Жжетлат «Спартак-Налшыкыр-зэрымыщIэкIэ кIэух увыпIэхэм ящыщ зым кьыхэзрыщыхутар икIи абы хуэсакъын зэрыхуейр. АрщхьэкIэ щэнейрэ зэкIэтхъэжьжу угловой кьыхатэну хьэщIэхэм Iэмал иратащ икIи, икIэм-икIэжьым, топ кьыдрагъэгъэкIащ.

- «Уфа»-м кьыщIидзат, арщхьэкIэ псынщIэу ужьыкьыжащ. Сыт ар кьыхэзыхэкIар?

- Пэжщ, тепщэныгъэр тIэщIэкIащ. Ауэ абыкIэ кьуаншэр ди хьэрхуэрэгъуэрщ.

- ЗэхъуэкIныныгъэхэм ящыкIэ, уэзрепльымкIэ, нэхъ лъэщ фыхъуа?

- Джэгум и етIуанэ IыхьэкI кьидгъэхьахэм я лъэкI кьагъэнакъым. Iэмал зыбжанэ абыхэм кьиэзрагъэпэщащ. АрщхьэкIэ Iуэхур икIэм яхунэгъэсакъым. ФызэрыщыIуэзэщи, топыр пхудэмыгъэкIмэ, укъыхагъащIэ.

ХЬЭТАУИслъам.

«Спартак-Налшык» текIуэныгъэр кьыхуэзы-хьа топыр Чеботару Евгений (№21) дегъэкI.

Дагъуэ къыхуащIащ: Мэкъуауэм, Медведевым, Тимошиным, Килиным, Степановым, Осиповым.

«СПАРТАК-НАЛШЫКЫР-Башкортостаным и кьалащ-хьэм кIуащ Урысей Федерацэм футболымкIэ и япэ дивизионым мы гъэм щыIэ-хаубла зэхьэзэхуэм нэгъуэщI стадионхэм щригъэкIуэкIа зэIущIи 8-м щыщу зыми щытемыкIуауэ, 5-м кьыщы-хагъэщIауэ, 3-м зэрыщытемыгъэкIуауэ. Абы щыгъуэми я къэрхуэрэгъуэм топи 4 худигъэкIамэ, кьыхуда-гъэкIар 14 хьурт. НэгъуэщI щыпIэхэм щыджэгуныжкIэ налшыкдэсхэм нэхъыпэ зы-хэт гупым щынэхыжкIэр тур-нир таблицэм кIэух увыпIэр щызыIыгъ «Ангушт»-м и закъуэт. Ди щIалэхэр япэ-щIэтын хуейт нужкрей зэIу-щIэхэм фIы дыдэу зыкъэ-зыгъэпIагъуэу пашэхэм яхьыха, зи стадионым щри-гъэкIуэкIа джэгугъуи 8-м щыщу 7-м щытекIуа «Уфа»-м. Ар кьалэн тыншу зэрыщы-мытыр, дауи, гурыIуэгъуэт. Ауэ «Спартак-Налшыкми-кьикIуэтыпIэ иIэжтэкъым.

2013 - 2014 гъэхэм екIуэкI зэхьэзэхуэм зэрыщIидзэрэ зэIущIитIым фIэкIа щытемыкIуа ди щIалэхэмрэ абыхэм я тренерхэмрэ Iейуэ хужамыIар укIуэдыж. А псори зэхэпхьну, дауи, тыншкым икIи гурыхькым. ТекIуэныгъэхэм я дежи дэт-хэнэми уиIэтыну хьэзыр щхьэкIэ, Iуэхур щымыхъуэкIэ уХэзыютэнур нэхъыбэжщ. Арагъэнщ, «Спартак-Налшыкыр-зэрымыщIэкIэ кIэух увыпIэхэм ящыщ зым кьыхэзрыщыхутар икIи абы хуэсакъын зэрыхуейр. АрщхьэкIэ щэнейрэ зэкIэтхъэжьжу угловой кьыхатэну хьэщIэхэм Iэмал иратащ икIи, икIэм-икIэжьым, топ кьыдрагъэгъэкIащ.

- «Уфа»-м кьыщIидзат, арщхьэкIэ псынщIэу ужьыкьыжащ. Сыт ар кьыхэзыхэкIар?

- Пэжщ, тепщэныгъэр тIэщIэкIащ. Ауэ абыкIэ кьуаншэр ди хьэрхуэрэгъуэрщ.

- ЗэхъуэкIныныгъэхэм ящыкIэ, уэзрепльымкIэ, нэхъ лъэщ фыхъуа?

- Джэгум и етIуанэ IыхьэкI кьидгъэхьахэм я лъэкI кьагъэнакъым. Iэмал зыбжанэ абыхэм кьиэзрагъэпэщащ. АрщхьэкIэ Iуэхур икIэм яхунэгъэсакъым. ФызэрыщыIуэзэщи, топыр пхудэмыгъэкIмэ, укъыхагъащIэ.

ХЬЭТАУИслъам.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и япэ дивизионым зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIар

Командэхэр	Дж.	Кь.	З.	Фl.	Т.	О.
1. «Алания»	16	10	4	2	21-10	34
2. «Мордовия»	16	10	3	3	26-13	33
3. «Арсенал»	16	9	2	5	29-19	29
4. «Шинник»	17	8	4	5	24-19	28
5. «Уфа»	16	8	2	6	18-17	26
6. «СКА-Энергия»	16	7	5	4	17-16	26
7. «Газовик»	17	6	7	4	19-16	25
8. «Луч-Энергия»	16	6	6	4	17-8	24
9. «Торпедо»	16	6	5	5	15-12	23
10. «Химик»	16	6	4	6	15-21	22
11. «Салют»	16	5	6	5	16-11	21
12. «Балтика»	16	5	5	6	14-16	20
13. «Енисей»	16	5	5	6	16-21	20
14. «Сибирь»	16	4	6	6	17-22	18
15. «Ротор»	16	4	5	7	16-18	17
16. «Спартак-Налшык»	16	3	7	6	12-21	16
17. «Динамо»	16	3	5	8	12-22	14
18. «Нефехимик»	16	2	5	9	15-19	11
19. «Ангушт»	16	2	2	12	13-31	8

Япэ зэпеуэ зэIуха

● Алыдж-урым бэнэкIэ

СССР-м спортымкIэ и мастер Къалмыкъ Юрэ и фэеплъу алыдж-урым бэнэкIэмкIэ япэ республикэпсо турнир эIуха «Налшык» спорт комплексым щекIуэкIащ. Абы бэнакIуи 158-рэ хэтащ.

КъБР-м Спортымрэ туризмэмкIэ и министерствэр я щIэтъкъуэну, тренер цIэрыIуэм и Iыхьлыхэмрэ благъэхэмрэ, абы и гъэсэну щытахэм кьызэрагъэпэща зэхьэзэхуэм я зэфIэкI щагъэльэгъуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым, Дагъыстэным, ОсетиеИщхьэрэ-Аланием, Ставрополь крайм я лIыкIуэхэм. - Алыдж-урым бэнэкIэр Къалмыкъ Юрэ и гъащIэм и зы Iыхьэу щытащ икIи ар тхэкIыжами, и фэеплъ зэхьэзэхуэм бэнакIуэ ныбжьыщIэхэм зышагъасэ, урысей, дунейпсо зэпеуэхэм республикэм и щIыхьыр щахъумэн, лъахэм и цIэр щаIэтын папщIэ, - жиIащ зэхьэзэхуэр щызыIуихым КъБР-м спортымрэ туризмэмкIэ и министр АфIэунэ Аслъэн.

Спортым и ветеран Къуэдзокъуэ Анатолэрэ Къалмыкъ Юрэ и кьуэ нэхъыжь Залымрэ спортсмен ныбжьыщIэхэм псалъэ гуапэхэмкIэ зыхуагъэзащ, зэпеуэм и кьызэгъэпэщакIуэ нэхъыщхьэхуэ Гъудэ Елдаррэ Аслъхъэс Хьусенрэ фIыщIэ хуащIащ.

ФэепIэ зэпеуэр кьыщызэIуахым кърихэпIащ - олимпи чемпионхэу Къардэн Мурат Хьущт Аслъэнбэч (тIури алыдж-урым бэнэкIэмкIэ), Шыхьэу Борис (лъакъуэрыгъажэ спортымкIэ), СССР-м спортымкIэ щыIэх зиIэ и мастер Жаным Аслъэн, ветеранхэр, республикэм и жылагъуэ лIыкIуэхэр.

Олимп чемпионхэми Къуэдзокъуэ Анатолии гуапэ икIи гъащIэгъуэн ящыхъуащ зэхьэзэхуэм и кьызэгъэпэщакIуэхэм абыхэм тыгъэ кьыхуащIа Iыхьэкъ щIакIуэхэмрэ IыхьэкIмрэ.

Махуитlкlэ екIуэкIа зэпеуэм, абы хэтахэр я хьэлъагъ елъытауэ гуп 11 хьурт, КъБР-м и «классик» ныбжьыщIэхэм медаль зэмылIэужьыгъуэу 26-рэ щызыIэрагъэхьащ.

Зэхьэзэхуэм кьыщыхэжаныкIахэм медалхэр, кубокхэр, щIыхь тхылъхэр, саугъэт рагъэпIэхэр иратащ.

ГъЭУНэ Светланэ.

● Шэджэм щIынальэ

НэхъыфIхэр къыхах

Шэджэм районым щекIуэкIащ сабий творчествэмкIэ «Iуащхьэмахуэ и ваГъуэбэ» фестивалым и щIынальэ Iыхьэр.

ЗИ НЫБЖЬЫР илъэс 12-м щегъэжьауэ 16 хьуэхэм щэнхабзэ, егъэджэныгъэ Iуэхущ-IапIэхэм я кьэфакIуэ, уэрэджыIакIуэ гуп 35-м щIигъуи я зэфIэкIыр районым Щэнхабзэмкlэ и унэм щагъэльэгъуащ. Ахэр зэпеуащ усэ къьеджэныжкIэ, декоративно-прикладнои Iэрыкlхэмкlэ, уэрэд жьыIэныжкIэ, къьфэныжкIэ. Зэхуэсахэм Iэгуауэ-шхуэ хуаIэтащ Нартан кьуажэм щыщ «ВаГъуэ щыкIу» ансамблым и кьэфакIуэхэм.

Зэпеуэм хэт гупхэм я зэфIэкIыр кьапщытащ Шэджэм районым и сабий музыкэ школым, щэнхабзэмрэ егъэджэныгъэмкIэ и управленэхэм. Артист ныбжьыщIэхэм концерт программэм щагъэльэгъуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щызекIуэ хабзэхэмрэ гъэзджэмрэ хуаIэ лъагъуныгъэр.

«Мыпхуэдэ фестивалхэмрэ зэпеуэхэмрэ ныбжьыщIэхэр щызэрощIэ, щэнхабзэ, егъэджэныгъэ Iуэхущ-IапIэхэм я унафэщIхэр я Iуэху зехьэкIэхэмкIэ щызэдогуашэ», - жиIащ щIыпIэ администрацэм щэнхабзэмкIэ и къудамэм и унафэщI Вэрокъуэ Ларисэ.

Концерт программэм кьыдэкIуэу, зэпеуэм щагъэльэгъуащ декоративно-прикладной гъуэзджэм и Iэпщ1эльапщIэхэм я Iэрыкlхэр, хьэпIащIэщыгъэкIэ бла хьэуазэм кьыхащIыкIа хьэпшыпхэр, сурэт зэхуэмыдэхэр, нэгъуэщIхэри.

Кьыхэжаныкlахэмрэ утыку кьрахьа лэжьыгъэхэм ящыщу нэхъыфIу кьальытагъэмрэ ягъэбелджылащ, фестивалым и республикэ Iыхьэм хагъэхьэн папщIэ. Конкурсым хэта псоми щIыхь тхылъхэр иратащ.

КIАРЭ Элинэ.

● Баскетбол

ЕкIуу зыкъагъэлъагъуэ

Волгоград областым хиубыдэ Волгоградэ къалэм щекIуэкIащ ныбжьыщIэхэм баскетболымкIэ я урысейпсо зэхьэзэхуэ. Абы хэтащ Налшык къалэ администрацэм физическэ щэнхабзэмрэ спортымкIэ и комитетым и жьауэм щIэт сабий щIалэгъуалэ спорт школым и гъэсэнхэр.

«БЖЬЫХЬэ-дыщафэ» зыфIащa турнирым Урысейм и адрей щIыналъэхэм я гуп 30 щыгъэхьэзэхуащ. Ди республикэм икIа командитIми абы етIуанэ увыпIэр кьыщахьащ. ЦIыкIуэхэр зыгъасэр Урысейм щIыхь зиIэ и тренер Къумыкъу Римма. Гуп нэхъыкIым хэтахэм къахэжаныкIащ СындыкуИслъам, БозийИслъам, Бегиашвили Руслан. НэхъыщIэхэм ящыщу фIыкIэ я щIэ къраГъуащ Бэджыдэ Тамерлан, Бэрэчъун Альберт, Беккиев Хьэрун сымэ.

Спорт школым и гъэсэн уIыкIуэхэм зэхьэзэхуэ нэужьым Сталинград зауэ гуащIэр щекIуэкIа щIыпIэхэм зыщрагъэпIылъыхащ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● КъБР-м и прокуратурэм

Илъэси 5-м нэс къехь

КъБР-м и прокурорым и къуэдзэ Махуэ Артур Iэщидзащ Мыд 3. хуэгъэзауэ къаIэта уголовнэ Iуэхумкlэ тхылъым. Ар ягъэкъуаншэ УФ-м и УК-м и 33-нэ статьям и 3-нэ Iыхьэм, 176-нэ статьям и япэ Iыхьэм кьыщыгъэлъагъуэ щIэпсыдаджагъэхэр зэрилэжьамкIэ (IэнатIэм и IуэхущIафэмрэ и финанс щытыкIэмрэ теухуа хьыбар нэпцIхэр банкым ириту, абы хэщIыныгъэшхуэ кьыхуэзыхьа щыхуэ гъэпщIагъэкIэ кьыдэрыIэщIигъэкIам папщIэ).

Пэублэу кьызэрахутамкIэ, «Успех» агрофирмэ» ООО-м и унафэщI Мэзло А. Мыд 3. хуэзыгъэпэща тхылъ нэпцIхэмкIэ «Урысейм и Мэкъумэщ банк» ОАО-м кредитум сом мелуан 20-рэ мин 370-рэ щызыIэригъэхьат. Мыд 3. зэхищIыхьа-хэм я зэранкIэ, банкым хэщIыныгъэшхуэ игъуэтащ.

Щыхэплъэн папщIэ, абы хуэгъэзэа уголовнэ Iуэхур Налшык къалэ судым иратащ.

Илэжьа щIэпхъаджагъэм кьыхэжкIыу, Мыд 3. илъэси 5-м нэблагъэ кьехь.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Iуэхущ1апIэ.

● Ди сурэт гъэтIылъыгъэхэр

Убых пщы щIалэмрэ абы и атэлыкъымрэ.
Сурэтыр **Гагарин Григорий** *ящIащ. 1830 гъэ*

● Хъыбар гуапэ

Академикхэм къахохъуэ

ЖЭПУЭГЪУЭМ и 3-м КъБР-м Щэнхабзэмкlэ и фондым и унафэщI Вэрокъуэ Владимир Творчествэмкlэ Дунейпсо Академием и зэхуэс иригъэкIуэкIащ. Абы кьыхэлIащ зи гугъу тщIы академием и унафэщI Гладышев Георгий, Iуэхущ1апIэм хэтхэр, щэнхабзэм и лэжьакIуэхэр.

Вэрокъуэ Владимирэ Гладышев Георгийрэ кьэпсэльа нэужь, Творчествэмкlэ Дунейпсо Академием хагъэхьэ щIыхьитIым, КъБР-м и Iэтащхьэм и кэнджащэгъу Уннаевэ Iэминатрэ «Къэбэрдей-Балъкъэр» къэрал телекомпанием и унафэщI Дроздов Игоррэ - я тхылъхэр иратыжащ. Къызэмызэхэр абыхэм гуапэу ехъуэхъуащ.

КъАНЩАУЭ Мэлчыпхъу.

● Школ Iуэхухэр

Iэмал псори къыхуэзрагъэпэщ

ЕгъэджакIуэм и махуэм ирихьлIэу Дзэлыкъуэ районым къыщызэIуахащ зи школ кIуэгъуэ ящыз имыса сабийхэр здекIуалIэ хьуну гупитI, дэтхэнэми щыкIу 25-рэ щIэхуэну. Абыкlэ хъыбар дигъэнIащ щIыпIэ адміниистрацэм и пресс-Iуэхущ1апIэм и лэжьакIуэ Бжьахьуэ-Кьуаш Маринет.

КАМЕННОМОСТ дэт курыт школ №3-м епхауэ дэжьэну гъэзапIэр зыхуей псомкIи кьызэгъэпэщащ. ЕгъэджакIуэхэмкlэ, гъэсакIуэхэмкlэ и ирикъу Iэнатlэм и1эщ щыкIухэм щадэлажьэ пэщ щхьэхуэхэр, щыжеинухэр, щыджэгунухэр. Абыхэм щIэтщ иджырей унэлъащIэ тыншхэр, зэрыджэгу хьэпшыпхэр, нкъ.

- Ди зэфIэкIхэр хуэнэтIащ щIэблэр егъэджэнымрэ гъэсэныгъэ етыныбмрэ Iэмал псори кьыхуэздгъэпэщыным, - жиIащ гупыщIэхэр кьыщызэIуахым кьрихьэлIа районым адміниистрацэм и Iэтащхьэ Дохьущокъуэ Исмэхьил.

Иджыри зы Iуэху бгъэдыхьэкIэщIэ щагублащ Каменномост дэт курыт еджапIэ №3-м. Абы екIуалIэ щIыкIухэм школ фащэ хэха эращыгъым кьыдэкIуэу, я егъэджакIуэхэм папщIи фащэ щхьэхуэ яубзыхуащ.

ТАМБИЙ Лиив.

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФЫЦIЭ Мухьэмэд

Жылаев Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьэкIэмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Исэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, НэщIэныджэ Замир, Хьэжыкъарэ Алик, ЩIхьэщэмыщI Иэ.**

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр



«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ къыдагъэкIащ.

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5, егъэджаIэ-методическэ къатэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КъУАДЖЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэныкъуэхэмкIэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэмрэ Iуэхущ1апIэхэм я лъэныкъуэмкIэ - 42-60-53; хьыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ къэмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдэгъэкIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ1апIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьыгъэхэм, кьыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъэмкIэ ахэр зытехэхэм пэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епльыкIэр зэгъэхуэ зэныту щыгъкым.

Газетыр Iэ тезыдзаэм яхуэхьыныр и пщэ дэльщ КъБР-м федеральнэ пошт зэныщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м Печатым и хунтыныгъэр хьэмэныжкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ1апIэм №IН-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и щIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Дышэкl Соня, редактору Хьэжыкъарэ Алик, корректорхэру ПхытIыкI Азмэт *(1, 2-нэ нап.)*, Мырзэкан ФатIимэ *(3, 4-нэ нап.)*. *КомпьютеркIэ газетым и тепльэр ящIащ* Дол Маринэ, Ныр Сандэ, *сурэтхэм елэжьар* Бицу Жанизэ.

Номерыр «Адыгэ псалъэ» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 4.757 ● Заказ №2575